Лъэ быдэкIэ мэувыж

2-нэ нап.

Сыт щIахъуэжар цIэхэр?

3-нэ нап.

Ныбжьыщ1эхэр ягъэгушхуэ

4-нэ нап.

ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№98 (24.692) ● 2024 гъэм шыщхьэIум (августым) и 15, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ



Сом 1 мелуанрэ мин 900-м нос

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек унафэ къищтащ дзэ Iуэху хэхам хэту Урысейм и дзэм къулыкъу щащIэн папщIэ, УФ-м ЗыхъумэжныгъэмкIэ и министерствэм контракт езыщIалIэхэм зэ тыгъуэу ират ахъшэр нобэ къыщыщIэдзауэ хагъэхъуэну.

УНАФОЭР республикэм и Iэтащхьэм къищтащ УФ-м и Президент Путин Владимир дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ кьалэн къащищIахэр игъэзащIэкIэрэ.

Шыщхьэ1ум и 1-м щегъэжьауэ маузэм и 14 пщIондэ дзэ Iуэху хэхам хыхьэхэм зэ тыгъуэ ират ахъшэр КЪБР-м сом 1 мелуанрэ мини 100-м нэсу щыщытащ. Шыщхьэ1ум и 15-м щегъэжьауэ дыззыр илъэсым и дыгъэгъаззэм и 31 пщIондэ а ахъшэр сом 1 мелуанрэ мин 500-м нэсу щытыныгъ. Араши, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дзэ Iуэху хэхам хэтым мурадкIэ Урысейм и дзэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэхэм къэралым кьарит сом мин 400-р хэту, псори зэгъусэу сом 1 мелуанрэ мин 900-рэ къаIэрыхьэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр 2024 гъэм «Илъэсым и егъэджакIуэ», «Илъэсым и гъэсакIуэ», «Илъэсым и Iщ1агъэл1», «Анэдэлхъубзэмрэ анэдэлхъубзэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэхэм я щIыналъэ Iыхьэхэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэмрэ етыным и Iэхъуакъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр 2024 гъэм «Илъэсым и егъэджакIуэ», «Илъэсым и гъэсакIуэ», «Илъэсым и Iщ1агъэл1», «Анэдэлхъубзэмрэ анэдэлхъубзэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэхэм я щIыналъэ Iыхьэхэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэмрэ етын:

«Илъэсым и егъэджакIуэ» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуа

Успанов Щамил Саламбек и къуэм - Бахъсэн муниципальнэ районым щыIэ Кьулъкъужьи Ищхьэрэ къуажэм «Псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №3» и муниципальнэ кIэзонэ IэхъуцIапIэм тхыдэмрэ обществознаниемкIэ и егъэджакIуэм.

«Илъэсым и егъэджакIуэ» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу

Биттировэ Джаннетэ Мыхьэмэт и пхъум - Щэрджэм муниципальнэ районым щыIэ Яныкъуей къуажэм «Байсултанов А. Ю. и цIэр зезыхьэ псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ» и муниципальнэ кIэзонэ IэхъуцIапIэм инджылыз бзэкIэ и егъэджакIуэм.

Кларцей Альберт Лиуан и къуэм - Бахъсэн къалэ округым «Лермонтов М. Ю. и цIэр зезыхьэ псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №6» и муниципальнэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IэхъуцIапIэм урысиб зэмэрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм,

«Илъэсым и гъэсакIуэ» урысейпсо Iэщ1агъэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуа

Доткъуй Екатеринэ Виктор и пхъум - Налшык къалэ округым и «Сабий сад №36» муниципальнэ кIэзонэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щалIэгъ, псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IэхъуцIапIэм и гъэсакIуэм,

«Илъэсым и гъэсакIуэ» урысейпсо Iщ1агъэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу

Щоджэн Залинэ Хъэсэн и пхъум - Бахъсэн муниципальнэ районым щыIэ Хьэтlохъуэщыкъуей къуажэм «Куэтэншы Тl. М. и цIэр зезыхьэ, псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №23» муниципальнэ IэхъуцIапIэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэмкIэ и къудамэм и гъэсакIуэм

Щокъарэ Марианнэ Аслъэнбий и пхъум - Щэрджэм муниципальнэ районым щыIэ Щхьэлыкъуей къуажэм и «Лучик» муниципальнэ кIэзонэ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щалIэгъ, псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и IэхъуцIапIэм и гъэсакIуэм,

«Илъэсым и Iщ1агъэл1» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуа

Труфановэ Ольгэ Владимир и пхъум - «Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъэзэгъ колледж» Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и егъэджакIуэм,

«Илъэсым и Iщ1агъэл1» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу

Гуэнгъэшэ Ратмир Май-Мир и къуэм - «ХуохкIуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр колледж» Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм Iэщ1агъэхэм щыхуезыгъаджэ Iэщ1агъэлIым;

Отаровэ Сакинат Магомед и пхъум - «Эльбрус щыналъэ колледж» Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм Iэщ1агъэхэм щыхуезыгъаджэ Iэщ1агъэлIым;

«Анэдэлхъубзэмрэ анэдэлхъубзэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо Iэщ1агъэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу

Жылау Жаннэ Мухьэмэд и пхъум - Бахъсэн муниципальнэ районым щыIэ Хьэтlохъуэщыкъуей къуажэм «Куэтэншы Тl. М. и цIэр зезыхьэ, псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №3» и муниципальнэ IэхъуцIапIэм анэдэлхъубзэмрэ (къэбэрдей-щэрджэсыбзэмрэ) литературэмкIэ и егъэджакIуэм,

«Анэдэлхъубзэмрэ анэдэлхъубзэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо Iэщ1агъэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу

Бледных Маринэ Валерий и пхъум - Прохладнэ муниципальнэ районым и «Екатеринэградкэ станицэм псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ» и муниципальнэ IэхъуцIапIэм анэдэлхъубзэмрэ (урысибзэмрэ) литературэмкIэ и егъэджакIуэм

Мокаевэ Мадинэ Борис и пхъум - Щэрджэм муниципальнэ районым «Бабугент къуажэм Батчаевэ Р. А. и цIэр зэрихьэу дэт, псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ» и муниципальнэ IэхъуцIапIэм анэдэлхъубзэмрэ (балъкъэрыбзэмрэ) литературэмкIэ и егъэджакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2024 гъэм шыщхьэуIум и 12-м
№68-УГ

Ди хьэщIэщ гъэсакIуэ, егъэджакIуэ пашэхэр

Дыгъуасэ ди республикэм къеблэгъащ «Большая перемена», «Педагогический экспресс» клубхэм я унафэщIхэмрэ Урысейпсо Егъэджэныгъэ зекIуэм хэт егъэджакIуэ пашэхэмрэ.

УРЫСЕЙМ и хэгъэгу 55-м къикIа, «Большая перемена» клубым хэтхэр. Абыхэм зэгъусэу республикэм и егъэджэныгъэ Iуэхущ1апIэхэр къыз1эхалъхьынущ, щIалэгъуалэ щ1ентрхэм еблэгъэнущ, ди лъахэм и щIыпIэ дахэхэр ирагъэпIагъуэнущ.

Налшык къалэ и гъущI гъуэгу вокзалым Iэщ1агъэлIэхэр къащ1рагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КЪБР-м и министр Къуэшырокъуэ Залым, КЪБР-м Щ1алэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Аз3мэт, ныбжьыщ1эхэм.

Егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытхэм я нэхъыфIхэр зыхэт зекIуэр къыз1эрагъэпэщащ «Большая перемена» зэгуфъэныгъэмрэ Щ1алэгъуалэ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ. Мы Iуэхур щыщ1ущ Президентым и жэрдэмкIэ ирагъакIуа «Урысейр Iэмалхэм я къэралщ» лэжьыгъэм.

КЪЭБАРТ Мирэ.

УщиякIуэхэр ядоIэпыкъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс етIуанэ хъуауэ екъулIэныгъэ я1эу щагъэзащIэ «Сэ сыущиякIуэщ» Iуэхур.

АР ХУЭГъЭЗАЩ сабий зеинш1эхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщ1ымытхэмрэ я нэIэ трагъэтыным. ГъэсакIуэ-ущиякIуэхэр ядоIэпыкъу гугъуехь пэщIэхуа ныбжьыщ1эхэм, ахэр гъащIэм хэзэгъэжьным теухуауэ яхузэфIэкI ящIэ. Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпашэхэм, Iэщ1агъэлI ныбжьыщ1эхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ кьыхаш сабийхэм ущиякIуэ яхузэхьур. Проектыр хагъэхьащ «Щ1ынальэр - щ1алэгъуалэм папщIэ» программэм.

Зэрыгъэжьну щ1ыкIэр ягъэбелджылащ республикэм и психологхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ. Къыз1эрыхэдгъэщащи, щ1еблэр гъэсэным, утыку ихьэфу, я Iуэху еплъыкIэ къагъэлъэгъуэфу щ1ыным ар хузэунэтIащ. Апхуэдэ мурадкIэ къыз1эрагъэпэщ зэхуэсхэр, дерсхэр, «стIол хъурейхэр».

«Сэ сыущиякIуэщ» Iуэхум хьихьэу, иджыблагъэ КЪБР-м Щ1алэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ, Тэрч къалэм щекIуэкIащ «УщиякIуэ-гъэсакIуэ» семинарыр. Iуэхур зытещIыхьауэ щытар нэхъыжьхэр сабийхэмрэ ныбжьыщ1эхэмрэ зэрадзэлэжьапхъэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэныращ, езы гъэсакIуэхэр зэгъэчэнджэщыныращ.

Зэхуэсым кърагъэблэгъат балигъ ныбжьым нэмысахэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ муниципальнэ комиссэхэм, КЪБР-м и МВД-м балигъ ныбжьым нэмысахэм я IуэхухэмкIэ и къудамэхэм я лIыкIуэхэр, «Пашэхэм я зэщ1эхъеянэгъэ» щ1ынальэ къудамэм, жылагъуэ щ1алэгъуалэ зэгуфъэныгъэхэм хэтхэр, гъэсакIуэхэмрэ психологхэмрэ.

Апхуэдэуи зэхуэсым хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КЪБР-м и министр Къуэшырокъуэ Залымрэ КЪБР-м щ1алэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Аз3мэтрэ. Зэ1ущ1ам къыщ1ащ1акъуащ ирагъакIуэкI лэжьыгъэр, апхуэдэуи тепсэлъыхьащ зи ужь ит Iуэхур зэрыкъагъэфIэныгъэ щ1ыкIэм. Лу Аз3мэт зэрыжи1эмкIэ, программэм мы гъэм зрагъэубгъуащ, ирагъэфIэкIащ. «Ныбжьыщ1эхэр жылагъуэ гъащIэм нэхъ жыджэру хэту егъэсэнымрэ ныбжьыгъуэхэр зэрагъэгъуэтынымкIэ мы Iуэхум уасэ и1экъым, - къыхэгъащ министрым. - Абы тещIыхьауэ гъэсакIуэхэр илъэсым и кIуэцIкIэ сабийхэм ядолажьэ: музейхэм яшэ, экуплэ Iуэхухэм хашэ, щ1алэгъуалэ зэгуфъэныгъэхэм щекIуэкI лэжьыгъэм щагъэгъуазэ. «Сэ сыущиякIуэщ» проектым щ1эуэ хэтлъхьаехэм ящыщ1 «Унагъуэ гъэсакIуэ» щхьэхуэу къыз1эрыхэдгъэблэджьылкIар. Апхуэдэхэр зэфIэкI нэхъ ин зыбгъэдэлъ Iэщ1агъэлIэхэрщ къызыхахыр икIи гугъуехь ядэщ1ынэ унагъуэхэм егъэбыдылIауэ ядолажьэ.

КъызхэгъэщIапхъэщ мы Iуэхур КЪБР-м и Iэтащхьэм и дэIэпыкъуэгъуэкIэ зэрагъэзащIэр. Ар, хабзэ дахэ зэрыхьуащи, илъэс къэс ирагъэкIуэкIыну я мурадщ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Адыгэ щIалэгъуалэм я зэхыхьэ

● Гъэмахуэ-2024

Адыгэ Республикэм мы махуэхэм щолажьэ «Адыгэ хабзэ» зыфIаща ныбжьыщ1э лагерыр. Абы къекIуэлIащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Краснодар крайм, Тыркум къикIа ныбжьыщIи 100-м щIигъу. АР-м и щIыпIэ нэхъ дахэхэм ящ1ащ Рыфабгъуэ и псы къежэххэм я дек адыгэ щIалэгъуалэр бэзм, щэнхабзэм щыхуагъасэ, лъэпкъ зыхэщIыкI я1эным хуауащI.

АДЫГЭБЗЭР фIыуэ зыщIэ, зыгъэлъапIэ ныбжьыщ1эхэм тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ загъэпсэхунущ, лъэпкъым бгъэдэлъ беягъым, хьугъуэфIыгъуэхэм теухуауэ ящ1эм нэхъри хагъахъуэу.

Лагерыр къыщ1эзэ1ахым Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и цIэкIэ фIэхъус псалъэкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ АР-м и Министрэм я кабинетым и тхьэмадэм и къуэдзэ, Адыгейм финансхэмкIэ и министр Орлов Викторэ. Адыгэ хабзэр, щэнхабзэр хьума хъунымкIэ лагерым щызэхэсыжьым УФ-м и Президентым и нэIэ тет зэпытщ. Мы гъэм илъэс етIуанэ мэхъу лагерыр зэрызыхэтшэрэ, ар ди щэн, ди хабзэ, адыгэбзэр хъумэным хуолажьэ. Адыгейм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат мы Iуэхум и нэIэ зэрытетым щ1ьэкIэ ящ1ауэ, ди къэхуэнур фэращ зэлъытари зи Iэмыщ1э ильри, - жиIащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгей къэрал институтым и тхьэмадэ, Щ1эныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент ЛIэужь Iэдэм.

Адыгэбзэр зыщIэхэм нэхъри я щ1эныгъэр хагъэхьуэну, зымыщ1эхэм зрагъэщ1эну, зэрыадыгэм иригушхуэу псэуну щ1алэгъуалэм захуигъэзащ республикэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Пlымыщ1окъуэ Рэмэзан.

Адыгейм и творческэ гупхэу «Ошад»-мрэ «Синдикэ»-мрэ дахэу зыкъагъэлъэгъуащ пэублэ махуэм, уэрэджыIакIуэ Долэ Батыр и концертым хьэщIэхэр епIащ.

Лагерым и пашэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгей къэрал институтым и тхьэмадэм и къуэдзэ Биданокъуэ Марзет кьрахьэжьа Iуэху дахэм щытепсэлъыхьыхьым мыр жиIащ:

- Мы гъэм лагерыр етIуанэу йоIуэкI. Нэгъабэ ныбжьыщIэ 50 кьедгъэблэгъамэ, мы гъэм 100 щохьэщIэ ди республикэм. Мыбы укъэкIуэн папщIэ, зэрэIкI щхьэхуэхэр кьэбгъэлъэгъуэн хуейщ, псом япрауэ, адыгэбзэр щэрыуэу пщIапхъэщ, лъэпкъ щэнхабзэхэм ущыгуазэу щытытпхъащ. Нэгъабэ щ1ыкIэм я гуапэу къытрагъэзэжащ, иджы япэу кьрихьэлIахэми гукъыдэж я1эу къытхэтщ. 2023 гъэм зэрэщ1ей-Щэрджэсым адыгэ ныбжьыщIи 5 къикIати, иджы абазэхэри къыздашащ, ахэри адыгэбзэм зэрырипсалъэр умыгъэщIэгъэн плъэкIыркъым. Тыркум щыщу щIыхуи 9 щIыщ1 мы гъэм ди лагерым, - жеIэ Марзет. - Мы гъэмахуэ зэхуэсыр я къызэрыгъэпэщахэм ящ1ащ1 лагерым и унафэщ1ым и къуэдзэ, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ Тэмзокъуэ Маринэ, гъэсэныгъэ Iэхъумкlэ жэуап зыхьыр Адыгэ Хасэм хэт, АР-м, УФ-м щIыхь зиIэ я тренер Хьуэт Инусщ, апхуэдэу щIыкIуэм ядолажьэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгей къэрал институтым и лэжьакIуэхэу Сихьу СультIан, Нэгъэрокъуэ Казбек, Цей Марет сымэ. Дэтхэнэми я пщэрыльхэр Iэзэу ягъэзащIэ, ныбжьыщ1эхэм папщIэ программэ гъэщIэгъуэн захалъхьащ. Махуэ кьэс адыгэбзэмкIэ щIэныгъэрылажьэ щIэрыIуэкIэ кьыдогъэблагъэ, зэпеуэхэр, зэ1ущ1эхэр ирагъэкIуэкI. Пщ1ыхьэщхьэ кьэс джэгу зэхашэ, Адыгейм и щIыпIэ дахэхэр ирагъэльагъу. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, дэ ди къалэн нэхъыщхьэр зи анэдэлхъубзэкIэ псалъэ, гупсысэ ныбжьыщ1эхэр нэхъыбэ щынырщ, абы пщIэ хуащIу щIэблэр кьэгъэхъуныращ. Я1пэ махуэр адыгэ хабзэм теухуакIэ къыщ1эддзащ, адыгэ ныгъуэм илъ зэхущытыкIэм тедухуащ къыкIэлъыкIуэ махуэр. Апхуэдэ щ1ымыщ1ауэ, нэгъэущ1 диалектхэр зэрызэхихыр, хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэхэм я хабзэхэр зэрызэщхьэщыкIыр фIэгъэщIэгъуэну зрегъащIэ.

Щоджэн Мухьэмэд Тыркум къикIащ, гупсысэ нэхъыжьу ягъэтщ, езыр егъэджакIуэщ. И адэшхуэхэм я щIыгужым илъэс 13-кIэ уэзэбзэкIыжмэ я1пэу къэхIуауэ щытащ, иджыри зэ апхуэдэ Iэмал зэригъуэтам щхьэкIэ, лагерым и къызэгъэпэщащIуэхэм хуабжьу яхуэарэзыщ.

- Ди адыгэ хэку сызэрисыри, си псэр егъэгуфIэ, си гур ин ещI. Сэ къызэдэсца ныбжьыщ1эхэми яфIэтелъыдижу щыIэщ Адыгейм, мыбы щызэхах, щалъагъу псори яфIэдахэщ. ЖыIэнуракъэ, ди унэ дисыж хуэдэу къытщагъэхъуу бысымэхэр къытрагъмащ1эщ.

Къэзан Даннэ Налшык икIащ, иджы етIуанэу макIуэ.

- Ди къуэш республикэм щыщ ныбжьыщ1эхэм нэIуасэ сазэрыхуэхъуам сыщогуфIыкI. Нэгъабэрей зэхьыхэр иджыри сигу илъщ: жащщыхэр, джэгуэгу, зэ1ущ1эхэр... Абы къызэкIыу мы зэхьыхэри блэзгъэкIыфынутэкIым, уеблэмэ иджырей программэр нэхъ гъэщIэгъэныкъу зэхаплъащ. Хуабжьу сфIэфIщ Шапсыгъэм, Тыркум къикIа адыгэхэр зэрыззэгъэщIыхуар. Си ныбжьегъэхэм сепсэхуэрэ я диалектыр къызгурыIуэ сыхуащ, къэбэрдеибзэри езыхэм хуэмурэ зэрагъащIэ, - жеIэ пщащэм.

Махуи 7-м къриубыдэу адыгэ щIалэгъуалэр лагерым къыдашуэр Адыгейм и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэпсыхьауэнущ, музейхэм, театрхэм яшэнущ.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

● Шыщхьэуіум и 14-р Абхъазыр зыхъумэу хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ

Лъэ быдэкІэ мэувыж

Илъэс 32-рэ ипэ абхъазыщым къихьат Куржы Къэрал Советым и дэр. Махуэ 413-кІэ екІуэкІащ Куржы-Абхъаз зауэр, лъы куэди щагъэжащ. Илъэс дэкІри, фокІадэм и 30-м зэпэщІэувэныгъэ гуащІэр Абхъазым и текІуэныгъэкІэ иухащ.

ДЫГЪУАСЭ Абхъазым и унафэщІхэм уэд гъэгъа Іэрамэхэр тралъхьащ АР-м и Президенту щыта, зауэ лъэхъэнэм абхъазыдзэм пашэ хуэхъуа Ардзинбэ Владислав и сыну Эшерэ къуажэм дэтым. Апхуэдэу республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щыгъуэ пэкІуэхэр щекІуэкІащ, дэтхэнэ зы ліыхъужьри ягу къагъэкІыжу.

1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекІуэкІа Хэку зауэм езыр-езыру, дэІэпыкъуэгъу хъун хуейуэ къалъытэу минитІым щІигъу кІуат. Абыхэм ящыщу цІыху 51-м «Абхъазым и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр зэрахьэ, щІалэ 247-м Леон орденыр иратащ, зауэлІ 623-м «Хахуагъэм папщІэ» медалыр хуагъэфэщащ. Зауэр зэрекІуэкІа пІалъэм щІалэщІэ 260-рэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, хэкІуэдащ.

Абхъаз лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэм щІита уасэр мащІэкъым икІи цІыкІукъым, абы я щхьэр халъхьащ лъэпкъым и къуэ пажэ щІэ бжыгъэхэм. 1992 гъэм куржы хъащхьэрыІуэхэм къагъэхьея зауэм и хьыбарыр занщІэу дуней псом щыІуащ икІи Урысейм, Осетие Ипщэм, Кавказ Ищхьэрэм, Приднестровьем, хамэ къэралхэм щыщ лІы хахуэхэр кІуэуэ щІадзащ. Кавказым ис лъэпкъхэм я Конфедерацэм къызэщІиІэта цІыхухэм гъуэгу гугъу зэпачри зыщІагъэхъуащ я къуэшхэм.

Абхъазым зэи щыгъупщэркым я къарур зэщІагъэуІуэу я лъэщагъыр зыгъэбыда дзэлІ хахуэхэм я цІэхэр - Къалмыкъ Юрэ, Сосналы Сулътан, Щэныбэ Мусэ, Сосламбеков Юсуп, Хъуадэ Іэдэм, нэгъуэщІхэри. А хэкуІлхэм къызэщІалІэта къарум пэлъэщыфакъым лъэпкъгъэкІуэдыр зи гуращэу утыку кьиухьа куржыхэр.

Жылэ Іэщэншэм танккІэ, кхъухьлъатэкІэ, топкІэ, шэкъэуэжхэмкІэ кьытебэна бийм и гущІэгъуншагъыр зыми щыгъупщэжынукъым. Апсным и цІыху мин бжыгъэхэм кьатехьа лейр псалъэкІэ кьыпхуэмыІуэтэжыным хуэдизщ. Ауэ абхъаз лъэпкъ хахуэм хуэзфІэкІащ куржьхэр къащІытеуам и щхьэусыгъуэ пэжыр наІуэ кьищІыну, я къэралыгъуэр трахыну иужь кьихьахэм пэщІэувэну. А зэхэуэ гуащІэм зэрыхэтым хуэдэурэ, Абхъазым дзэ зэригъэпэщащ, АР-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ министерствэ ихуащ, батальонхэмрэ бригадзкэмрэ япІэ иригъэззэгъащ. Ардзинбэ Владислав и унафэм щІэту лъэпкъымрэ абы къыкъуэтхэмрэ я къалэн нэхъыщхьэм пэлъэщащ: бийр я щыгу ирахужри, я щхьэхуитыныгъэр зэфІагъэувэ-жащ.

Зауэр зэриухрэ блэкІа илъэс 32-м Апсным и ІІэгъэр игъэхъужащ, и щхьэхуитыныгъэр къэрал зыбжанэм къыщалъытащ. Къадащ-хэмрэ Урысей Федерацэмрэ я фІыгъэкІэ, Абхъазым нобэ иІэ экономикэ щытыкІэр ирегъэфакІуэ, и зыхъумэжныныгъэр егъэбыдэ, шынагъуэншагъэр кьиізэрегъэпэщ. Къэрал щыІ политикэми уВыпІэ хъарзынэ щиубыдащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэрызэгурыіуам тету

Латвием Украинэм хуригъэзэщэну игъэхьэзэращ езыр-езыру къэзыльэтыхь кхъухьлъатэу 500. Апхуэдэ хьыбарыр къитащ абы зыхъумэжныныгъэмкІэ и министр Спрудс Адрис.

«ЛАТВИЕМ щащІа езырызекІуэ кхъухьлъатэ щитхур сэбэп хъунущ Украинэм и цІыхухэм дзэ кьалэн зэхуэмыдэхэр зэфІагъэхЫныкІэ», - щитхащ абы интернетым щиІэ социальнэ напэкІуэцым.

Мэлыжьыхь мазэм Украинэмрэ Латвиемрэ я президентхэу Зеленский Владимирэ Ринкевич Эдгаррэ шынагъуэншагъэм теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзауэ щытащ. Абы ипкъ иткІэ, Ригэ къалэн зыщІишІыжауэ щытащ илъэсипщІкІэ къэралым къыщалэжьым и процент 0,25-р Киев дзэ дэІэпыкъуныгъэу хухихыну. НаІуэ зэрыхъущи, зэгурыІуэныгъэр ягъэзащІэ. Къапщтэмэ, а мазэ дыдэм Латвием Украинэм Іэригъэхьауэ щытащ апхуэдэ кхъухьлъатэ гуп.

Сымаджэхэр нэхъыбэ мэхъу

«**Роспотребнадзор**»-м **къызэригъэлъагъуэмкІэ, иужьрей тхьэмахуитхум COVID-19 узыфэ зэрыщІалэр зыпкърытхэм я бжыгъэм хохъуэ. Урысей Федерацэм тхьэмахуэ кІуам апхуэдэ сымаджэу мини 10,2-рэ щатхащ, къапщтэмэ, абы ипэ махуэхэм елъытауэ ахэр процент 29,1-кІэ нэхъыбэ хъуащ.**

ІУЭХУЩІАПІЭМ кьелъытэ абы ущІэгуэзвэн хэмылъу, узыфэ зэрыцІалэр зыпкърыт сымаджэ нэхъыбэ щыІэ зэрыхъуар лъэхъэнэ зэблахъуГъэм и нэщэнэу. «Псом япэрауэ, шыщхьэуІум и кІэхэм, фокІадэм и пэщІэдзэхэм дуней и щытыкІэм зехъуэж. ЦІыхухэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр и кІэм ноблагъэ, нэхъыбэр я лэжьыгъэхэм пэрохьэж, еджэнми щІадзэж, аращи, жылагъуэ щыпІэхэм куэду щызэхыхьэ мэхъу», - жаІащ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм. Къэпщытэныгъэ ирагъэкІуэкІахэм наІуэ къыщэращІамкІэ, узыфэм и омикрон лІэужьыгъуэрщ урысей щыналъэм нэхъ зыщІзыІубгъур.

Урысей Федерацэм Узышагъэр хъумэнымкІэ и министр Мурашкэ Михаил нэхъапэкІэ жиІащ щытыкІэр я нэІэм зэрыщІэтыр, узыфэр зыпкърытхэр зэрагъэхъужым, вакцинэхэм я фІагъыр зыхуэдэм зэрыкІэлъыплъыр. «Урысейм узышагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэр узыфэм зэрызримигъэубгъуным, абы зэрыпэщІэтным хуэхъэзырщ», - къыхигъэщащ министрым.

Шыщхьэуіум и 15, *махуэку*

♦Археологым и дунейпсо махуэщ

♦1855 гъэм кьалъхуащ адыгей усакІуэ, джэгуакІуэ **Теувэж Дзыгъуэ**.

♦1898 гъэм кьалъхуащ Шэрджэсым и япэ егъэджакІуэ, ГуащІэдэкІ Бэракъ Плъыжь орденыр зыхуагъэфэща **Уэхьутэ Хьэсэн*.**

♦1907 гъэм кьалъхуащ тхакІуэ, полковник **КІыщокъуэ Рашид.**

♦1940 гъэм кьалъхуащ суэтыщІ, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЩІхьэщэ Владимир.**

♦1941 гъэм кьалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 16, *мэрем*

♦Астронавтикэм и дунейпсо академиер къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Фошыгъу хэлъу гъэва мамкъутым и махуэщ

♦1939 гъэм «Кабардинка» ансамблым концертхэр КъуэкІыпІэ Жыжьэм тын щыщІидзащ.

♦1960 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Изобразительнэ гъуазджэмкІэ музей.

♦1965 гъэм Урысейм щэнхабэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъхэр хъумэнымкІэ и зэгурыІныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.

♦1603 гъэм кьалъхуащ нэмыцэ дипломат, адыгэхэм я псэукІэ-зэхэтыкІэм тхыгъэ куэд тезыухуа **Олеарий Іэдэм**.

♦1902 гъэм кьалъхуащ адыгэ тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **КІэрашэ Тембот**.

♦1919 гъэм кьалъхуащ композитор, уэрэджэныкІуэ, КъБР-м, АР-м, ХФ-м я цІыхубэ артист **Тхьэбысым Умар**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщІытыныщ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩІХЬЭЩЭМЫЩІ Иззщ.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Уеплъмэ - дахэщ, зэгуэпхмэ - банэщ.



2024 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ

Хэхакіуэ зэгухьэныгъэу «Новые люди» политикэ партым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм хэхыныгъэм зэрыхуэкІуэ программэ

ПАРТИЯ НОВЫЕ ЛЮДИ КАБАРДИНО-БАЛКАРИЯ

Ди мурадхэр

*Политикэм - политикэ Іуэху зехьэкІэ зэмылІэужьыгъуэ щыІэн зэрыхуейр пхыгъэкІын, къулыкъу Іэнатіэ псори хэхыныгъэрэ зэхьэзэхуэкІэ тын хабзэр тегъэкІуэн; цІыхубэ зэгухьэныгъэхэр унафэ зыІэщІэлъхэм хуиту епсалъэу щІын.

*Экономикэм - хьэрычэтыщІэхэр хэгъэзыхьыныр, кьарурэ налог Іэмалкіэ дакъуэзныр яхуэмыдэн; цІыхухэм я хэхъуэр нэхъыбэ щІын.

*Шынагъуэншагъэм - полицэмрэ спецІуэхущІапІэхэмрэ я кьалэн нэхъыщхьэм - цІыхухэр хъумэным - ешэлІэжын; хуиту псэлъэным, я Іуэху еплъыкІэр кьагъэлъэгъуэным, зэІущІэ егъэкІуэкІыным епха хьэкъыр цІыхухэм етыжын.

*Узышагъэм кІэлъыплъынымкІэ - хущхъуэ къыщІэзыгъэкІ Іуэхущ апІэхэм я Іуэху дэзыгъэкІ медицинэм къыбгъэдэкІауэ, цІыхухэр нэхъ мащІэрэ сымаджэу зыщІ узыншагъэ кІэлъыплъыкІэм хуэкІуэн.

*ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ - егъэджакІуэхэм бюрократием и Іэ пхъашэр ящхьэщыхын, хьэрычэт Іуэху зехьэкІэм хуегъэджэн.

*ЩІыуэпсыр хъумэным - щІыуэпсыр зэрахъумэ иджырей Іэмалхэр къэгъэщхьэпэн.

Политикэ зэхэтыкІэр

- Политикэ зехьэкІэр зэхьэзэхуэ Іэмалкіэ гъэпсын.
- Кьалэ унафэщІхэр хэхыныгъэкІэ ягъэувын хабзэр къэІэтыжын.
- ЩІыналъэхэм я ахъшэмрэ хьэкъымрэ етыжын.

Экономикэм

- Налог хэхыкІэр зэгъэзэхуэн. Іуэхущ Іапіэхэм НДС-р ящхьэщыхауэ, кьагъэщхьэпэ мылъкум хатыкІ, зыуэ щыт налогрэ хэхъуэм и налогрэ ятелъхьэн, страхованием папщІэ ахъшэ хатыкІыныр кьалэн ящыщІын.
- ЕджапІэхэр кьэзыухагъащІэхэм Іэнатіэ езытхэм я налогхэр гъэмэщІэн.
- Хьэрычэтыщіэ Іуэху цІыкІумрэ инымрэ къэралым илъэсым игъэкІуэд мылъкум халъхьэ налогыр илъэси 10 пІалъэкІэ процент 50-кІэ яхуэгъэмэщІэн.

Шынагъуэншагъэмрэ хабзэр хъумэнымрэ

- Къэралыр зыхъумэ органхэм я унафэщІхэр хегъэхьан.
- Хабзэхъумэ органхэм цІыхубэм я пащхьэ жэуап щахьу щІын.
- «Баштекъуэзэ» хабзэр гъэкІуэдыжын.

Узыншагъэм кІэлъыплъыным

- уз хьэлъэхэмрэ узыжьхэмрэ нэхъ мащІэ хъун папщІэ, медицинэм и лэжьакІуэхэр нэхъыфІу лэжьэным ахъшэкІэ тегъэгушхуэн.
- Сабийхэм шхын узыншэ яІэрыгъэхьэн.
- Дохутырхэм, медсестрахэм, медицинэм и лэжьакІуэ зэрыщІэхэм папщІэ къэрал улахуэ щхьэхуэ гъэувын.

Егъэджэныгъэм

- Егъэджакіуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэн, ямыкъалэн ирагъэгъэззэщІэныр яхуэмыдэн. Зы егъэджакІуэ Іэнатіэм сом мин 75-рэ къыщахьу гъэсакІуэхэм папщІэ къэрал улахуэ гъэувын.
- Бюрократиер гъэкІуэдыжын.
- Я щхьэ щыгугъыжу, хьэрычэтыщІэ хэлъэт яІэрэ щэн-щэхуэным хащІыкІыу сабийхэр гъэсэн.

Экологием

- Экологиер кьалэ ухуэныгъэм и политикэм и Іыхьэ щІын.
- Къэралкіуэці туризмэм зегъэужьын.

Щхъуантіэхэр

Урысей экологие парт

Къэкіуэнум папщІэ Іэ Іэт!

№2

ЛДПР-м ещІэ цІыхур зыхуейр!

ЛДПР-р цІыхур зыхуэныкъуэм щыгъуаззщ. «Честный план ЛДПР» - зыфІащар къэралым щыпсэу цІыхухэм кьраІуэтыпІахэр щызэхуэхьэса дэфтэрырщ. Телефон занщІэмкІэ, щІэупщІэныгъэхэмкІэ, социальнэ сетхэмкІэ цІыху минипщІ бжыгъэхэм зыкъытхуагъэзащ дэ. Мис а Іуэхугъуэхэрщ ЛДПР-р зэрылэжьэну программэр зытещыхьар. Урысейр зэІуэпэщ, цІыхухэм я псэукІэр езыгъэфІэкІуэн хуейр къулыкъущІэ гуп щыкІу гуэрхэракъым, атІэ дэ кьыхэтлъхьэхэр, цІыхухэр зыхуейхэр кьалъытэн хуейщ. Абы екъэлІауэ дэ дызытетынур мы кьыкІэтлъыкІуэхэращ.

1. Нэкіуіупхъуэхэр зыІуфх!

ПцІыІуэпцІышэхэм кьадыгуа дэтхэнэ зы сомри сымаджэщхэм, еджапІэхэм, гъэсапІэхэм, гъуэгуэм я зыужьныгъэм кьыкІэрадарщ. Апхуэдэ ухуэныгъэ дапщэ нэмыгъэсауэ кьэна зи анэр зыщэжыну хьэзырхэм я зэранкІэ? Фегупсыса абы?

Нэгъабэ и закъуэ кьулыкъу зыІыгъ цІыху мин 50-м щІигъу жэуапым ирашэлІащ Іулъхьэ кьыІрахьу яубыдри. Іулъхьэ кьеІызыхауэ цІыху 1914-рэ яГъэтІысащ, ар зы кьуажэ псо дзэ мэхъу! Прокуратурэм зэхуихьэсыжа сом миллиард 400 бюджетым хилъхьэжащ. Пэжщ, ахъшэр кьытрахьижри, халъхьэжащ, ауэ зэманыр кьрагъэкІуэтыжыфакъым - кІуэдащ!

Ди къэралым дзэ Іуэху хэхар иригъэкІуэкІыху ЛДПР-м къэрал мылъкур зышхэхэм кІэлъыплъынымр нэхъ щІегъэхуабжьэ. ДыгъуакІуэхэр къэзыгъэувыІэнур тезыр пхъашэщ. ЛДПР-м кьыхелъхьэ, апхуэдэхэм штрафкІэ яфІэкІынымр щагъэтын хуейуэ. Іулъхьэ кьыззэрыІихар кьыщІагъэща - илъэси 3-м кьыщыщІэдзауэ илъэси 10-м нэс лъэхъуэщым игъэтІысхьэ, къидыгъуари хуэдипщІкІэ зэхьыбэу егъэпшыныхьЛДПР-м я нэкІуІупхъуэхэр кьаІуитхьыну хьэзырщ Іулъхьэ кьеІызых, ахъшэкІэ гуашэ дэтхэнэ зыми. Къэралыр псэунущ «Пэжым и телъхьэхэр дыгъуэркъым» кьыхуеджэныгъэм щІэту.

2. Ціыхухэм я Іуэху диГъэкІынущ!

Властым зригъэсащ бжыгъэхэр Іэзэу зэригъэзахуэу. ЦІыхухэм хуейкъым ахэр - хуэх ахъшэр нэхъыбэ кьрагъащІын папщІэ Москва отчётыфІ ирагъэхьмэ ядэ. Апхуэдэурэ кьулыкъущІэхэр зэрахъуэкІри, цІыхухэм я гугъуэкьыр зэрыщІатауэ кьонэж.

УнафэщІхэм я бгъэдыхьэкІэ мыхъумыщІэмрэ Іуэхухэр Іэпэдэгъэлэл зэращІымрэ кьыхэкІкІэ, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмрэ унэхэр зэгъэпэщыжын Іуэхумрэ кІуэцІрыхуащ. ЦІыхухэм абыхэм зэрызыхуагъаззэм и Іыхьэ щанэр я псэукІэр зэрымыхьэнэншэм теухуа лъэІущ. ЖКХ-м я кІуэцІ ахъшэр зэи ирикъуркъым, апхуэдэурэ зэбгъэпэщыжын уни кьэнэнкъым.

ЛДПР-м и нэІэ щІигъэувэнущ псым, токым, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм я уасэр кьызэралъытэ щІыкІэр икІи коммунальнэ Іуэхутхьэбзэкэр зэфІэзых Іэнатіэхэм нэхъыфІыр, нэхъ пудыр кьыкхэныным зригъэужьынущ. Мис абыхэм ягъэмэщІэнущ ЖКХ-м кьыщекІуэкІ уасэхэр.

Апхуэдэ дыдэуи ЛДПР-р кІэлъоплъ тыкуэнхэм щыІэ уасэхэмэ! Дэтхэнэ цІыхури зыгъэгузавэ Іуэхущ ерыскъыкхІкэм я уасэм махуэ кьэс зэрыхэхъуэр, ауэ щыхьэкІи, пенсэмрэ улахуэмрэ зэрыщытауэ кьэнэжу. Уасэр ящэм хуэфащэу щытын хуейщ, ар дэгъэуеиныр щІэпхьаджагъэщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, шэ литр зытратхэ банкІым грамм 0,9 иту, тхъуий килограмм илъу зытратхэм грамм 800 илъу ящэнэр кьеззгъыркъым. Уеблэмэ, коробкэм тет ерыскъыр нэхъ мыхьэнэншэкІэ зэхъуэкІауэ иралъхьэныр кьрагъэззгъ ар кьыщІэзыгъэкІэм, апхуэдэ щапхъэ куэд кьыпхуэзыынущ. ЛДПР-м трегъэчыныхь «Уасэ пэжым теухуауэ» законыр кьэщтэн зэрыуейм, икІи ар пхыдгъэкІынущ! Куэдщ цІыхухэм лей зэрефхар! Пэжым и телъхьэхэращ цІыхухэм кьащхьэщыжыр!

3.Пэжыр жыІэн!

Властым икІэщІыпІэкІэ зэфІихын хуей Іуэхухэр щыщІихъуэм е щІибзыщІ кьохъу. КьулыкъущІэхэм зауэдогъаззэ: фи кьалэнхэм фапэмылъэщмэ, фыІукІ! Кьахуренэ а кьулыкъур пэжыр зи гъуаззэкэрэ тегушхуауэ лажьэхэмрэ.

ЛДПР-м кьегъэув щІыналъэм щыщыІэ щытыкІэр цІыхубэм я деж зэпкърыхауэ нэзыхьэс зы уухэкІэ гуэр щыІэн хуейуэ. Дэнэ дэж сыт щахуэнэумри, щызэрагъэпэщыжынми жылагъуэм ящІэн хуейщ. ЦІыхубэм ящІэн хуейщ бюджет ахъшэр здэкІуэр!

ЛДПР-р илъэс бжыгъэ куэд щІауэ топсэлъыхь щІыналъэхэм ятелъ щыхуэр ящхьэщыхын зэрыхуейм. Хэгъэгуэм щІыхуэр япшынуэр абы щыщхэм я псэукІэм зэрызрагъэужьын ахъшэ кьахудэгъэкІакъым. Ар кьемызэгъщ! Урысейм и Президент Путин Владимири кьыддиІыгъащ ди жэрдэмыр, икІи бюджетым кьыхэкІа кредитым и Іыхьэ щанэр щІыналъэхэм щхьэщахьну унафэ ищІащ.

Пэжыр жыдэкІыгъэІэ: иджырей унафэщІхэм щІалэгъуалэр щІыналъэхэм щызэтраІыгъэфкъым. Дауи, сом мин 30-кІэ упсэуфын? Сабий кьалъхуагъащІэр дохутырым дежи щІэпхьэн папщІэ, мазиті-щыкІэ чэзум ухэтын хуейщ. Е Іэщ1агъэ ззэыгъэгъуэтагъащІэм и унагъуэр игъэшхэну Іэмал иІэкъым.

Мис апхуэдэ щхьэусыгъуэхэм кьыхэкІкІэ, Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр Москва е нэгъуэщІ кьалэшхуэхэм макІуэ, Іэмал нэхъыбэ щыІэщи. Ауэ дэ дызэрыщыгъуаззэмкІэ, абыхэм я нэхъыбэр я унэ, я хэку исыжыну хуейщ. Абы папщІэ гъащІэм зэрыхэпсэукІыфын Іэмалхэр къэхуэзгъэпэщын хуейуэ аращ - узынщагъэр хъумэным, лэжьапІэ къэгъуэтыным, унагъуэ ухуэным теухуауэ. Куэдщ щІалэгъуалэм ядэІэпыкъуу жаІэу псалъэмакъ купщІэнщэу къекІуэкІар. ЛДПР-м кьыхуреджэ - лэжьэным и пІалъэр къэсащ!

ИрагъэкІуэкІа пхъэидзэм ипкъ иткІэ, пщІэнщэу ТыдодзэКъэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьэм теухуауэ» 2008 гъэм щыщыкІуэм и 5-м къыдэкІа КъБР-м и Закон №56-РЗ-м и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Махуэгъэпс

ДызыхуэкІуэ илъэсым зэрызыдгъэпсэхунур

Урысейм Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм псэуныгъэкІэ кІащхьэщІыкІыныжьмкІэ и министерствэм къигъэнэІуащ дызыхуэкІуэ илъэсым кІуриубыдэу цІыхухэр щІымылэжьыну, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр. Абы гъэщІэгъуэну хэтлъэгъуар зыщ: нэхъапэми хуэдэу, дыгъэгъазэм и 31-м зэрызимыхьэужащ. Ар лэжьэгъуэ махуэу кІуэнэж, кІулыкъущІэхэм къэрал зыгъэпсэхугъуэхэм хагъэхьэну дыкъагъэгугъэ пэтми. Пэжщ, и зэрани зыми екІыркъым.

ИЛЪЭС къэс Правительствэм егъэбелджылы зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр. Абы цІыхухэм Іэмал ярет зэкІэлъыкІуэу нэхъ пІалъэ кІыхькІэ щысыну,- жиІащ зи гугъу тщІа кІулыкъущІапІэм и Іэтащхьэ Котяков Антон.

Мис иджыри 2025 гъэм щІышылэм и 4-м и щэбэтыр накъыгъэм и 2-м и мэремым, щІышылэм и 5-м и тхьэмахуэр 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 31 бэрэжьейм яхьащ. Аратю, псори зэхуэгъэхъуащ: илъэсыщІэ зыгъэпсэхугъуэхэм махуэ 11 я кІыхьагъынущ мы гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кІыщыщІэдзауэ дызыхьихьэну илъэсым щІышылэм и 8-м нэсыху.

Дэ, нэхъыжьхэм, дощІэж совет лъэхъэнэм хэлэтыкІауэ яІэт махуэхэр зыгъэпсэхугъуэхэм техуамэ, «хисхьэу» зэрыщытар - лейуэ щагъэсыжьыртхъым. Ардыдэм къытригъэзэжащ мазаемрэ гъатхэпэмрэ - Хэкум и хъумакІуэм и махуэр мазаем и 23 тхьэмахуэм, Цыхубзхэм я махуэр гъатхэпэм и 8 щэбэтым хуэзащ. Аущ дыхилъэфэнукъым: мазаем и 23-м хуэзэ зыгъэпсэхугъуэр накъыгъэм и 8-м и махуэкум гъатхэпэм и 8-м и щэбэтыр мэкъуауэгъуэм и 13-м и мэремым ягъэлэпхъуэну я мурадщ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ накъыгъэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ятІупщІыкІэ махуи 4 - накъыгъэм и 1 - 4-хэр, мыгувэуи аргуэру махуи 4 - накъыгъэм и 8-м къыщыщІэдзауэ 11-м нэсыху къызэщІаубыдэнущ.

КъыкІэлъыкІуэу зэкІэлъхьэужь зыгъэпсэхугъуэ махуи 4-р зыхуэзэр мэкъуауэгъуэрщ - а маазэм и 12-м щегъэжьауэ 15-м щыщІитІыкІыжу цІыхухэр лэжьэнукъым.

ИкІэм-икІэжьр щэкІыгъуэ гуфІэгъуэхэрщ. ЕтІанэгъэ ар махинщу зэкІэлъыкІуэнущ. ЩэкІуэгъуэм и 1 щэбэтым цІыхухэр лэжьэнущ, ауэ щэкІуэгъуэм и 2-м и тхьэмахуэм къыщыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 4 гъубжри хиубыдэу загъэпсэхунущ.

ГуфІэгъуэ махуэхэм мылажьэгъуэхэм загъэхьэуэрэ, зэуІу зэращІым гуащІэрыпсэухэм нэгъуэщІ Іэмалхэри къарет. Зыпэрыт Іэнатіэхэм ельытауэ, абыхэм къэралым къаритхэм езыхэм щІагъэжьафынущ ипэкІэ къамыгъэсэбэпа зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, лэжьыгъэлей зэрызыфІагъэкІам е щэбэт-тхьэмахуэхэм зэрагъэлэжьам, нэгъуэщІкъинэмыщІхэм папщІэ хабзэкІэ яхуэфащэхэр. Апхуэдэ махуи 3 зэтрихьамэ, илъэсыщІэ щысигъуэхэр тхьэмахуитІым, накъыгъэм хуэзэхэр махуэ 11-м нагъэсыфынущ. Лэжьапщ1э къарамыту махуэхэр къыІахьнри Іэхум хэтщ.

Иджыри къэс дэ зи гугъу тщІар Урысей псом щагъэува зыгъэпсэхугъуэ махуэхэрщ. Абыхэм ящыгъужьи хуейщ щІыпІэхэм щекІуэкІхэри. Лъэпкъ, дин махуэ хэлэтыкІахэр езыхэм я унафэ щхьэхуэзэмкІэ ягъэув мэхъу щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм.

2025 гъэм гукъыдэжьыфІ яІэу хьхьэну Іэмал яІэщ лажьэ пенсионерхэм: абыхэм я пенсэхэр индексацэ ящІу щІадзэж. Абыхэми зи жьы хуэгъуэр къэмысахэми Іэмал псори яІэщ фІыуэ лэжьэнуи дэрэжэгъуэ яхэлъу загъэпсэхуни.

ЗэрапэщІэтыну щІыкІэм хагъэгъуазэ

Китайм щагъэлъэщ сакъын зэрыхуейр. Иджы а Іуэхум нэхъ кууэ хашащ кинори. КНР-м къэрал шынагъуэншагъэмкІэ и министерствэм (МГБ) иджыблагъэ къыдигъэкІащ Къухьэпіэм и щэхурылажьэ Іэнатіэхэмрэ абыхэм ятІупщІа цІыхухэмрэ зэрапэщІэтыну щІыкІэм хэзыгъэгъуазэ мульфильм зыбжанэ. Я гупсысэкІэ зэпыщІауэ ял хъу фильмхэм зэхэщІыкІыгъуэу къагурегъаІуэ щэч зыхуащІахэм ятеухуа хъыбархэр зыхуейхэм зэраІэрагъэхьэну щІыкІэр.

КЪЭРАЛ шынагъуэншагъэм и лажьакІуэхэм ягъэлъагъуэ шпионыгъэ зэрихьэу е нэгъуэщІ къемызэгъ гуэрхэр зэхищІыхьу гу зылъатахэм ятеухуа хъыбархэр езыхэм я деж къызэрагъэсыну Іэмал тыншу хы. Псалъэм папщІэ, телефонкІэ «линие пщтырым» упсалъэ е ягъэува щапхъэм тету ятха тхыгъэр Интернетым илъхьэ мэхъу. Іэкіэ ятха письмохэри нэхъапэм хуэдэу хьэзэгъ. Абы щыгъуэми, уи унэцІэр щІомыдзми хъунущ. Тіум щыгъуэми, зытхар хэтми наІуэ къащІыныкъым. Абыкіэ быдэу шэсыпІэ йохьэ къэралыр.

Мультфильмхэм я лІыхъужь бжьыфІэхэм дахэу хьаІуатэ хъыбар къезыгъащІэхэр зэрахъумэр, ахэр ахъшэкІэ, саугъэт лъапІэхэмкІэ зэрагъэпажэр. МГБ-р хущІокъу Къухьэпіэм Китайм и бийуэ зэхищІыхь хьэгъэщагъэхэр къызэпаудын зэрыхуейр, ар абыхэм зэракъалэныр цІыхухэм гурагъэІуэну.

Къэралым телевидеенэр къыщагъэсэбэп сыт хуэдэ щІэпхъаджагъэми ятІупщІэтын папщІэ. Куэд щІакъым, езыхэм я мызакъуэу, я Іыхьлыхэр, и ныбжьэгъу-жэрэгъуэхэри къулей ящІын папщІэ мылъку ззэпльэфалІэ къулыкъущІэ 12-м ятеухуауэ траха фильмхэр зэрагъэльагъуэрэ. Псом хуэмыдэу цІыхухэм ягу къинжащ КНР-м футболькІэ и командэ къыхэхам и гъэсакІуэм тепсэльыхь пычыгъуэр.

Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъун папщІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр мультипликацэм и Іэмалхэмкіэ къыщагъэльагъуэ нэгъуэщІ къэралхэми. Псалъэм и хьэтыркІэ, иджыблагъэ Японием и телевидеенэм апхуэдэ фильм зыбжанэ триухуащ бзаджащІэхэм цІыху жьІэзыфІэщхэм телефонкІэ ахъшэ къыззэрыІэщІагъэкІ щІыкІэм.

ЩІэпхъаджащІэхэм зэрапэщІэт Іэмалхэм заубгъу зэпытщ.

КъБР-м и цІыхубэ хуэдэхьэ Горлов Михаил псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 70 ирикъунут.

СТАВРОПОЛЬ крайм хьихьэ Расшеватка станицэм 1954 гъэм щыщхьэуІум и 15-м къыщалъхуащ Михаил. Налшык къалэм и сайт художественнэ школыр - 1971 гъэм, Чебоксары къалэм и художественнэ училищэр - 1979 гъэм къззыуха сурэтыщІыр щІауаджэм и жанр куэдым (сурэт щІынми, графикэми, скульптурэми, каллиграфиеми) хуэІэпщІэльапщІэт. Псом хуэмыдэу зыхилъхьэ щІэтгъэхэр тхьилъхэр гъэщІэрэщІэныр. Тхьилъ щэ бжьыгъэхэр, журналхэр, буклетхэр гъэщІэрэщІэныр къеХъулІащ абы. Апхуэдэщ «Знаменитые люди Кавказа», «Черкесика» сериехэр, «Антология ингушского фольклора» къыдэкІыгъуэр, МафІэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ», «Чеченские песни о кабардинцах», «Тимбора Кубатиевич Мальбахов. Речи, статьи, письма», «Антология кабардинской поэзии», «Антология балкарской поэзии», «Женское лицо Кабардино-Балкарии» тхьилъхэр, нэгъуэщІхэри.

УФ-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм 1984 гъэм щыщІэдзауэ хэт Горлов Михаил и выставкэхэр Налшык зыбжанэрэ щекІуэкІащ, республикэ, урысейпсо, дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэми и лэжьыгъэхэр мызэмытІуэу утыку къыщрихьащ, еплъхэм гъэщІэгъуэн ящыхъуу. Къинэмыщ1ауэ, Москва, Чебоксары къалэхэм щагъэлъэгъуащ и Іэдакъэщ1экІхэр. УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Урысейм, Лондон и Лъэпкъ библиотекэхэм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Конгруссым и библиотекэм, КъБР-м Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкІэ, Лъэпкъ, Литературэ музейхэм, Краснодар къалэм къэзакъ щэнхабзэмкІэ и центрым, Чуваш лъэпкъ художественнэ галереем щахьымэ. Апхуэдэу и гъэкІэгъуэн щащ хэлъ1ыу Урысейм, Польшэм, Германием, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щІыпсэу коллекционерхэм зэхуахьэса Іэдакъэщ1экІхэм.

Горлов Михаил усакІуэуи щытащ. Усэ тхьилъ зыбжанэ Налшык къыщыдигъэкІащ. Америкэм и Штат Зэгуэтхэм 2017 гъэм Налшык щыщ усакІуэхэм я усэхэр щыщІэзгъэхэсауэ къыщыдэкІа «Холмы» антологием къгъэхьащ абы и Іэдакъэщ1экІхэм щыщи. Езыр дунейм ехьжа нэужь, къыдагъэкІащ и усэхэр щыІэзхуэхьэса «Боль любви у меня в крови» тхьилъыр.

РСФСР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и фондым и щІыхь тхьилъыр 1990 гъэм къыхуагъэфэщащ. Горловым. 2000 гъэм «Нарт Іуэрыуатэ» фестивалым хьихьэу хъратащ КъБР-м и Парламентым и щІыхь тхьилъыр, УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ ЮНЕСКО-мрэ, КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм, Художествэхэмкіэ Урысей академием я дипломхэр, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я ассамблеем къыбгъэдэкІа «За доблестный труд» медалыр, Дунейпсо Арткомитетым и дыщэ медалыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтымрэ дипломымрэ, «Академик Международной академии творчества» щІыхьыщІэри къыхьащащ.

Сурэтыщ1 Іэпщ1эльапщ1эр, цІыху зэчиифІэр 2021 гъэм дунейм ехьжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэщІныгъэ ин зэрагъуэтар жаІэ абы и Іуэхущ1афэхэм щыгъуаззу щытахэм. Михаил къыщІэна лэжьыгъэхэри езы сурэтыщІри ящыгъуупщэнукъым ар зи ныбжьэгъуу щытахэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Фэеплъ

СурэтыщІт икІи усакІуэт

Адэм и псапэр къуэм егъэбагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэм и нэІэм щІэту илъэс куэд хъуауэ мэлажьэ «Берычэт» псапащІэ фондыр. Ар къыззрагъэпэщат 2014 гъэм. Абы лъандэрэ цІыху куэдым ядэІэпыкъуащ, ар зыгъэлажьэхэм фІыщІэ ин яхуэфащэу.

ФОНДЫМ и апэ унафэщІу щытар Бесльэней Хьэсен ПІалэ и къуэрщ. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ ар дунейм ехьжащ, ауэ ноби цІыхухэм я гум ихуркъым абы гущІэгъуэ гуапагъэу бгъэдэлъар. Си щхьэкІэ мызэрымытІэу Хьэсен срихьэлІащ псапащІэ Іуэхуклэ. ДызэрыщІыуа нэужь зэманкІэ дызэдэлжьэжащ, зыр адрейм дызэрыдэІепыкъуным, зыхуэзфІэмыкІ цІыху нэхъыбэм зэрызащІэдгъэкъуэным дыхэту. Икъуклэ цІыхуфІт ар. И Іуэху хуэмыхъуу абы зыгуэрым зыхуигъэзауэ «хьэуэ» псалъэ къыщыжьэдэкІа къэхъуакъым. Гузэвэгъуэ къызыгъыса дэтхэнэ зыми, и быным, и Іыхьлы гъунэгъу дыдэм хуэдэу, тегуэзвыхьырт, ар къыщІелъэІуа Іуэхум зы хэІэбапІэ иІэмэ къыльхьэуэу.

- Сэ дунейм сехьжкъм, си Іуэхур хэІуэдэжьмэнущ,жьэоІэри согуэавэ, -жиІэрт абы. Арщхьэкіэ, Тіум къыхуиухат цІыхуфІ и Іуэхущ1афэр мыкІуэдыну. Бесльэней Хьэсен иубла Іуэхум пищащ икІи и цІэр фІыкІэ игъэІуну хунэсыжащ абы и къуэ Бесльэн. Нобэ ар зи унафэщІ «Берычэт» фондыр зыхуэзфІэмыкІ, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэть, сабий сымаджэ зи унагъуэм иц1ыху куэдым ядоІэпыкъу ерыскъыхэкІхэмкІэ, фэилъхьэгъуэхэмкІэ, сомкІэ. Мыгувэу гъэ яджэгъуэщІэм щІидзэжьнущ. Школьм зи сабий зыгъэкІуэжьынухэм яхэтщ бынунагъэушхуэхэр, хуэмыщІауэ псэухэр, сымаджэхэр. Бесльэн и зэфІэкІ псори ирехьэлІэ фокІадэм и 1-р къэмыс щІыкІэ ахэр зыхуеинуэкъмкІэ къызэгъэпэщыным. Тхьэр арэзы къыхухъу.

АСТЕМЫРОКЪУЭ Хьэту.

● УФСБ-м къет

Экстремизмэм пыщІахэт

Лэскэн районым щыпсэу цІыхуищым экстремизмэм пыщІауэ ялэжь хабзэншагъэхэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу КИФШІ-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм къызэпаудащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКІЭ, шэч зыхуащІхэм Урысей Федерацэм хуит щамыщІ дунейпсо экстремист зэгуэхьэныгъэм и къудамэхэр лэжьэныр къызэрагъэпэщащ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и Следственнэ къудамэм уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и УК-м и 1-нэ, 2-нэ статьяхэм. Къыщыхьа щІэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ. Законодательствэм къызэрагъэувымкІэ, апхуэдэ хабзэншагъэ зезыхьахэр илъэси 10-м нэскІэ ягъэтІысащ.

Бюджет мылъкум хэІэбат

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм экономикэм ехьэлІа щІэпхъаджагъэхэм пэщІэт Іуэхухэр ирагъэкІуэкІыу къыщІагъэщащ «СФ Стимул» ООО-м и генеральнэ унафэщІым и къуэдзэ Къущхьэ М. М. «Демография» лъэпкъ проектыр пхыгъэкІыным хуэхьа бюджет ахъшэм зэрыхэІэбар.

ЗЭРАУБЗЫХУАЩІ, абы Прохладнэ районым и щІыналъэм физкультуръ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексыр щахуэхэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэм теухуауэ акт нэпцІхэр игъэхьэзыращ. А хабзэншагъэм кърикІуащ сом мелуан 1,8-м щІигъу хэщІныгъэ.

Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ Къущхьэ М.М. къуаншэу къалъытащ - УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэр илъэьауэ. ЯмыгъэтІысу абы илъэсрэ мази 6-рэ тралъхьащ. Къэралым ирита хэщІныгъэр нэсу ипшынижащ.

Сыт щІахъуэжар цІэхэр?

● Гъэщ1эгъуэнщ

Къэралым къыщыхъу къэукъуфеиныгъэхэр зыжьэхэуэр цІыхухэм я закъуэкъым: ахэр ялъоІэс псэ зыІуэмытхэми. Къэтщэнщ, псалъэм и хьэтыркІэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ. 1920 гъэм щІыпІэ ревкомхэм яІэрыхьащ ищхьэмкІэ къикІа унафэ ткІий: здэщыІэ къуажэхэм я цІэхэр махуэ 20-м къриубыдэу зэрахъуэкІыну. ЗымыгъэзащІэхэр жэуапым ирашэлІэнут (ар зыхуэдэр гурыІуэгъуэт). НаІуэу зэрыщытщи, абыхэм зэрахьэр къызэзыгъэпэща пщым е уэрхъым и цІэрт. Ар иджы ядэжьнутэкъым. Унафэр ягъэзащІащ, крикІуахэри долъагъу. (Муртазовэрэ Докшукинэрэ къамыгъанэу хъуакъым: гъущІ гъэгуфхэр екІуалІэрти, абыхэм я станцэм я цІэхэр къэрал псом щызекІуэ картэхэм итт). Пэжу, иужькІэ Іэмал къагъэтащ...

КЪАЛЭЩІЭХЭМ я деж Іуэхур щыпэхъ гугъут, ахэр хъуэжыным ахъшэшхуэ текІуадэрти. Арщхьэкіэ революцэ гупсысэхэр пхагъэкІын папщІэ большевикхэр мылъкум щысхьыну.

Гъэщ1эгъуэнщ, ауэ мыбдеж псом япэ щищар... ди гъунэгъу Дагьыстэным и Мэхъачкьалэщ. Ар 1844 гъэм къызэрагъэпэщат «Петровское» цІэр зезыхьэ быдапІэу икІи 1857 гъэм Порт-Петровск хъуат. 1918 гъэм Щамил кьалэ фІащащ - цІыхубз лІыхъужьым и цІэр апэ ирагъэщащ. Революционер гуащІэ икІи Дагьыстэным и Дзэ пІлыжьыр къызэзыгъэпэща Дахадаев Мэхъач и щІыхькІэ кьалэм иджырей цІэр щигъэтар 1921 гъэрщ.

1924 гъэм щІышылэм и 21-м Совет къэралым и къызэгъэпэщакІуэ Ленин Владимир лІащ, махуитху нэхъ дэмыкІыуи Петроград кьалэр Ленинград хъуащ. Жьытэнщи, Петр Езанэм езым ихуэ кьалэм фІищауэ щыта Санкт-Петербург щІэту 1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэр къызэрыхъейуэ. Петроградэ зэрахъуэкІат, нэмыцІэ къэпсэлъыкІэр хагъэкІуэдыкІын мурадкІэ: Германиер ящыщт Урысейр ззэауэ къэралхэм. Ауэ ари кьеззгъыртэкъым: пащтыхьыщІэр гъэкІуэдын хуейт.

ЖьыІэн хуейщ революцэм ипэкІэ щІыпІэ куэдым а цІэхэр зэрахьэу зэрыщытар. Къэтщтэнщи, Новосибирск «Александровскэ» къуажэжь цІыкІуу кьежьащ, ауэ зы илъэс нэхъ дэмыкІыу Ново-Николаевскэ хъуащ, иджырей цІэр щигъэтар 1926 гъэрщ, абы лъандэри ямыхъужажуэ зэрехэ.

Арщхьэкіэ псом хуэмыдэу хъуэжын и лъэныкъуэкІэ жьыджэрыр большевикхэрт. Ахэр зыми кьигъэувыІэртэкъым. Куэд зи нэгу щІэкІа Новгород Ищхьэрэ кьалэр 1221 гъэм Индыл и Іуфэм къыщыунэхуащ. Псори хъарзынэуэрэ зыкъомрэ екІуэкІащ, ауэ а кьалэм пролетар тхакІуэщхуэ Горький (Пешков) Максим къыщалъхуауэ къыщІэкІащ. Арати, Сталин Иосиф и унафэкІэ а кьалэм и цІэр абы еймкІэ 1932 гъэм зэрахъуэкІащ. Тверь - Калинин, Самарэ - Куйбышев хъуащ - цІэщІэкІэ зыхуэуэпсахэр къыпхуебжэкІынукъым. Захуагъэр щызэфІагъэувэжар 1990 гъэхэрщ.

Дауи, езы Сталини Іыхьэнщэтэкъым. 1925 гъэм Царицын кьалэм и пІэкІэ картэм къихутат Сталинград...

Псом хуэмыдэу абы и лъэныкъуэкІэ гугъу ехьар иджырей Киров кьалэм и цІэхэрщ. Абы куэд игъэуІэнхуащ. 1181 гъэм дунейм кьытехьащ Хлынову, 1324 гъэм Вяткэ хъуащ, арщхьэкІэ лІэщІыгъуэ дэкІри аргуэру Хлынов техьэжащ, ауэрэ екІуэкІыуэрщ, 1780 гъэм Вяткэу къыщІидзыжащ.

Псори (е зэкІэ) и пІэ щІэувэжар 1934 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м парт лэжьакІуэ жьгъей икІи дзыхьмыщІ Николаев Леонид революционер къэмылэнджэж, ВКП (б)-м и Ленинград обкомым и япэ секретарь Киров (и унэцІэ дыдэр Костриковщ) Сергей Смольнэм щІиучІыхьа иужьщ. Абы и фэеплъыр ягъэлъэпІащ и цІэр а кьалэм ящІащи.

Зи гугъу тщІы Іуэхум и толкъунхэр апхуэдизкІэ къэкъубеяти, уеблэмэ, уогъэщІагъуэ ди къэралым и щІыхьэрым и цІэм къыззрытенар. Пэжщ, къыззтенащ, ауэ ерагъкІэ. ЖьпІэну ирикъунущ абы и цІэр яхъуэжьну щэнйэрэ зэрыхущІэкъуар.

Япэр зыхуэзэр 1927 гъэрщ, Лениныр зэрыпІэрэ илъэсищ дэкІауэ, парт къулыкъущІэ 200-м «Союзпсо старостэ» Калинин Михаил тхыгъэкІэ зыхуагъэзащ Москвар «ИльичкІэ» зэрахъуэкІыну лъаІуэу. Арщхьэкіэ Сталиным къиІытащ зы цІыхум и цІэр СССР-м и нэхъ кьалэ инитІым афІэпщыныр егъэлеиуэ.

ЕтІуанэу яужь щихьар политикэ залымыгъэр щыгуащІа 1938 гъэрщ. Москва Сталинодар фІащыну я мурадащ. Апхуэдэ жэрдэм кьыхэзыпъхьар НКВД-м и Іэтащхьэ Ежов Николайт: и ухыгъэр къызэрыблагъэр кьыгурыІуати, ар хущІэкъурт вождыр зэтриГъэуІэфІэну. Арщхьэкіэ Сталиным ауэ жьыжьэуи зытригъэхьакъым.

Ещанэу мы Іуэхур кьаІэтащ Хэку зауэшхуэр ихуа иужь. Аргуэру Сталиным и цІэр щыхьэрым фІащыну я мурадащ. Арщхьэкіэ ар ужьыхьжащ, темыпсэлъыхьхэху. Къэдгъэлъэгъуэнщи, еплІанэу апхуэдэ псалъэмакъ ирахьжьат ар щыІа 1953 гъэми. Арщхьэкіэ властыр зыубыдыну хущІэкъуэхэр зэпэщІэувэри, занщІэу яІэщІэхужащ.

Нэхъыжьхэм дощІэж Хрущев Никитэ и зэманым кьалэхэм я цІэхэр щацхъуэж лъэхъэнэщІэ къэунэхуауэ зэрыщытар. Иджы цыдэнри зыхуэгъэзар езы Сталинымрэ абы и блыгущІэту иужькІэ бий кьыхуэхъуахэмрэт. Псоми я гугъу тщІынкъым, ауэ кьыхэдгъэщынщ Сталинградыр Волгоград зэрыззэрахъуэкІар куэдым ягу кьыззэреуар. Абы и деж 1991 гъэм и пэщІэдзэм щекІуэкІа Іуэху зэрылІыр зи хуэдэ щымыІэу дунейпсо тхыдэм хэмыкІыжыну хьихьат. Уеблэмэ, абдеж кьыщыхьа текІуэныгъэм и фІыгъэкІэ, Сталинград и цІэр Европэм нэгъуэщІ континентхэми я кьалэхэм, уэрамхэм фІащат Иджыпстуи пІалъэ-пІалъэкІэрэ кьызэщІэрыуэжурэ йокІуэкІ Индыл и Іуфэм Іуса а кьалэм «Сталинград» фІэщыкьыным теухуа псалъэмакъыр. Властхэри абыкІэ арэз хуэдэщ.

Арщхьэкіэ щыІэщ зы лъэпощхьэпо - ар ахъшэрщ, ищхьэкІэ зэрыжьыТащи, кьалэщІэкъэр хъуэжьыным мылъкушхуэ текІуадэ. Ильэс зыбжанэ ипэкІэ Волгоград и мэрием къызэрыщабжамкІэ, цІыхухэм я паспортэр яхъуэжьын кьудейм сом мелуан 100-м щІигъу текІуэдэнущ, нэгъуэщІхэм я гугъу умыщІыхьхи. Иджы а ахъшэр нэхъыбэж зэрыхьуам щэч хэлъхъым. Араущ ящІэкІынущ зэкІэ къыщІэнэр.

ПІланэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Мэз псэущхьэхэр я нэІэм щІэтщ

Кавказым щомыщхэм я бжьыгъэ зэфІэгъэувэжьныкІэ и центрым дызэрыщІигъэгъуэзамкІэ, илъэситі ирикъуа щыхэр - Тэрчрэ Рицэрэ зыфІащахэр - хъарзынэу пхыкІащ щІыуэпсым езыр-езыру щыпсэуным теухуа кьэпщытэнхэм. Абыхэм теплъэфІ яІэщ, зыпшынэхэщ, кьарууфІэхэщ, езыхэм я шхыныр кьащэкІыжьыф. Тэрч, Осетие Ищхьэрэм, Рицэ Кавказ мэзкъуэдым щаутІыпщІынущ.

КАВКАЗЫМ биосферэмкІэ и къэрал мэзкъуэдым и кІэм щынэблэгъащ бгылъэ щІыпІэхэм щыпсэу мыщэхэм я бжьыгъэ хъхутэным ехьэлІауэ илъэс кьэс ирагъэкІуэкІ лъэныкъуэхэр. Мы гъэм кавказ мыщэхэр «Гъэмахуэ хъупІэм» щыІэу жьыпІэ хъунущ - зэманыр нэхъыбэу щагъакІуэрэ щыІэупс кьулей здэщыІэ тафэхэрщ. Абы кьыхэкІыу, махуэр щыуэфІым, ахэр зэрыхъуэ тыншу ябжьыну Іэмал яІэщт.

Ипэ илъэсхэми хуэдэу, мэзкъуэдым кьыззщІипыбдэ щІыпІэр Іыхьэ 21-уэ зэпыудауэ щытщ. Абыхэм я дэтхэнэмэ гуп-гупкІэ гуэшауэ щІолажьэ кьэрал инспекторхэр, щІыуэпсымрэ туризмэкІэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэр, щІэныгъэлІ волонтёрхэр. Абыхэм я дэтхэнэми езым и деж щегъэбелджылы псэущхьэхэр щилъэгъуа щІыпІэмрэ зэманымрэ. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, зымащІэ тІэкІу нитІэми гу лъитащ щІыпІэ лъэкъуэмпІэ кьагъэтамэ, абы и инагьымрэ ар къыщыщина зэманымрэ дневникым итхэн хуейщ, сыту жьыпІэмэ, ахэр псори зэхуахьэсыжу кьапщытэжа нэужьщ мыщэхэм я бжьыгъэр наІуэ къыщыхьунур. АдэкІэ абы тещІыхьауэ кьахутэнущ псэущхьэхэм я бжьыгъэ хъунури. Мыбдежым кьыхэгъэщыпхъэщ, Къухьэпіэ Кавказым мыщэ гъуабжэхэр щыгъэбэгъуэжьынымкІэ зи гугъу тщІа центрым и мыхьэнэр зэрыиныр. Ахэр япэхэм куэду здэщыІа языныкъуэ щІыпІэхэм я щІыуэпс щытыкІэм щыщІэкІхэм щыщи. Езыр дунейм ехьжа нэужь, къыдагъэкІащ и усэхэр щыІэзхуэхьэса «Боль любви у меня в крови» тхьилъыр.

РСФСР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и фондым и щІыхь тхьилъыр 1990 гъэм къыхуагъэфэщащ. Горловым. 2000 гъэм «Нарт Іуэрыуатэ» фестивалым хьихьэу хъратащ КъБР-м и Парламентым и щІыхь тхьилъыр, УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ ЮНЕСКО-мрэ, КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм, Художествэхэмкіэ Урысей академием я дипломхэр, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я ассамблеем кьыбгъэдэкІа «За доблестный труд» медалыр, Дунейпсо Арткомитетым и дыщэ медалыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтымрэ дипломымрэ, «Академик Международной академии творчества» щІыхьыщІэри кьыхьащащ.

Сурэтыщ1 Іэпщ1эльапщ1эр, цІыху зэчиифІэр 2021 гъэм дунейм ехьжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэщІныгъэ ин зэрагъуэтар жаІэ абы и Іуэхущ1афэхэм щыгъуаззу щытахэм. Михаил къыщІэна лэжьыгъэхэри езы сурэтыщІри ящыгъуупщэнукъым ар зи ныбжьэгъуу щытахэм.

ИгъуэтА зэхъуэкІыныгъэхэм я зэранкІэ ахэр мащІэ дыдэ хъуат. Нобэ Кавказым и мэзкъуэдым мыщэ гъуабжэу 300 - 340-рэ зыхуей хуэзэу щопсэу, абыхэм я бжьыгъэр 470-м щынэсу къэхъуу.

Кавказ мыщэхэр Камчаткэм щыІэхэм хуэдэу инкъым - икУ ИТУ зэрыхъур килограмми 120-рэщ. Килограмм 270-м нэсхэм ущрихьэлІэр ззэзмызэхэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дифі догъэлъапІэ

Куэдым я гъуэгугъэлъагъуэ

Оперэ уэрэджыІакІуэ щІэрыІуэ, КЪБАССР-м щІыхь зиІэ и артистэ, Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкі и къэрал институтым илъэс куэдкІэ щэзыІэджа Бэгъуэтык Светланэ къызэралъхурэ щыщхьэуІуи и 13-м илъэс 85-рэ ирикъуад.

«СЫЩІЭТІЫСХЬАЩ. Мазэ нэхъ семыджауэ, си тхьэкІуымэм къицырхъащ музыкэ учиращ къызэрызэІуаХэр. ИкІи куэдрэ сыгупсысакъым», - къыхоущыж абы и гукъэкІыжхэм.

Зэрысабийрэ уэрэд жыІэным щІэхъэпсу къыдэкІуэтея хъыджэбзыр ятэщыкІэ медицинэ колледжым щІэтІысхьат, и адэ-анэм я жьІэм едаІуэри. Мазэ нэхъ дэмыкІыжу, Налшык Мэзыкэ училищэр къызэрыщызэІуахар щызэхихым, куэдрэ мыгупсысэу абы щІэтІысхьащ. И адэ-анэм ар къыщыдгар мазиІ дэкІыжа нэужьщ. 1960 гъэм училищэр къиухри, Светланэ и щІэныгъэм щыхигъахъуад Собинов Леонид и цІэр зэрихьэу Саратов дэт консерваторэм. Ар иригъэджащ музыкант, егъэджакІуэ Іэзэ Шейблер Трувор.

1965 - 1969, 1977 - 1998 гъэхэм Светланэ къызэрыкІуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармониием, ди республикэм и Музыкэ театрым. Абы и утыкум щигъэзэщІа оперэ партиехэмрэ романсхэмрэ, адыгэ лъэпкъ уэрэдыжьхэр щІыхухэм гуимыхуж ящыхьат, апхуэдизкІэ и макъыр телыдджэри.

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ и колледжым, Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкі и къэрал институтым Светланэ зэрыщыІэжьа илъэсхэм уэрэджьІакІуэ хъуну хуей куэдым гъуэгурыІэльагъэ, ущиящІэу къызэрыщызэІуахар щызэхихым, куэдрэ мыгупсысэу абы щІэтІысхьащ. И адэ-анэм ар къыщыдгар мазиІ дэкІыжа нэужьщ. 1960 гъэм училищэр къиухри, Светланэ и щІэныгъэм щыхигъахъуад Собинов Леонид и цІэр зэрихьэу Саратов дэт консерваторэм. Ар иригъэджащ музыкант, егъэджакІуэ Іэзэ Шейблер Трувор.

1965 - 1969, 1977 - 1998 гъэхэм Светланэ къызэрыкІуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармониием, ди республикэм и Музыкэ театрым. Абы и утыкум щигъэзэщІа оперэ партиехэмрэ романсхэмрэ, адыгэ лъэпкъ уэрэдыжьхэр щІыхухэм гуимыхуж ящыхьат, апхуэдизкІэ и макъыр телыдджэри.

Бэгъуэтыжьым адыгэбзэкІэ и уэрэд жьІэкІэр зыхуэбгъаІэ хъун щымыІэщ! Ар ядэлажьащ республикэм и композитор, усакІуэ куэдым, Темыркъан Борис, ХьэІупэ Джэбрэил, КІыщокъуэ Алим, Тхьэгъэзит Зубер жьІэным.

Оперетте зыбжанэми хэтащ Бэгъуэтык Светланэ, сыт хуэдэ лъэныкъомкІэ ялІыкІ, ар гъэунэхун хуейуэ къыІыІэтэри. Адыгэ уэрэдыжь куэди игъэзэщІащ, мыкІуэдыжьину лъэпкъым къыхуэнэну. Псалъэм папщІэ, композитор Даур Асльэн Светланэ ящыщщ Батыр (Светланэ и адэм) урысыбзэ ищІэрт тэкъым. «Уи унэщІэр хэт?» - жаІэу къыщеупщІым, адыгэбзэкІэ: «Гугъуэтыж», - жиІэри жэуап итащ. Дэфтэрхэр ІыІэхым зэрызэхихам хуэдэу ихтащ. ИпэсиплІр дэкІаІуэ къызэриуахамкІэ тхылъыр къышщратыжьым, абы итыр Бэгъуэтыжт. Мыракъым си унэщІэр, жиІа щхьэкІэ, зыри кьедэІуакъым. Арати, апхуэдэу кьэнаиуэ нобэми ІокІуэкІ. «Дунейм щекьжам Гугъуэтыжу ятхыжаиуэ аращ ди адэр, - жеІэ Светланэ. - Сэ сцену цІэлей схуэхъуащ ар, си дэлъху нэхъыжьмэрэ дэлъху нэхъыщІэм и кьуэмрэщ а унэцІэр зезыхьэр. Гугъуэтыжэ зэрыщыту зэрызиблагъэри си къэупсэхэр Урыху (КъуэгъуэлъхьуЕй) кьуажэм кьызэрыщежьэри зэи зыщызгъэгъупщакъым, пщІэ, нэмыс яхуэсщІу, сакІэлъыкІуэу апхуэдэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Лермонтовым и «ХъуэпсапІэр»

Дызэрыщыгъуаззэщи, 2024 гъэм урыс усакІуэ Лермонтов Михаил къызэралъхуэр илъэс 210-рэ ирокъу. Ар ди щхьэусыгъуэу, иджыри къэс гулъытэшхуэ зыхуэдмыщІа абы и сатыр щхьэхуэхэм щІэрыщІэу дроплъэж.

1831 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м Середниковэ лъапсэм щыІэу итхаяу щытащ Лермонтовым «ХъуэпсапІэ» усэр. ЩІалэр илъэс 17 хъуэу аратэ тхыгъэр и Іэдакъэ щхьщыщІэкІам. Сыт ар зытеуухар жьІпэмэ, дэтхэнэ ныбжьыщІэми хуэдэу, Лермонтовым ми сатырхэм хуитныгъэм мыхьэнэшхуэ щрет. «ЩІхь э хуитныгъэ закъуэм сыхуэпабгъэу, сымыпсоуфрэ, сыщцыхуарэзу уафэм», - щцыжиІэкІэ, усакІуэм цІыхухэм яфІэмыпІыкІыу губгъуэм и кьуалбзуэхэм зэрехьапсэр хуэдизгурегъаІуэ.

КъищынэмыщІауэ, усакІуэм и Іашцэ гъэгъум щыгъуазэ дэтхэнэ зыми ещІэ урыс Лермонтовхэр щотланд лъэпкъым къытехьукІауэ къызэралъытэр. «СыІупІэсамэ щотланд пшынэ Іэпэм...» псалъэхэм уигу къагъэкІыр аращ. Пасэрей адэжьхэм ятепсэлъыхь зищІ щхьэкІэ, зи унэцІэр зэрихьэ и адэм зэрыпэлэщІэр ныбжьыщІэм къиззрехьэлъэкІым урагъэгупсыс мы сатырхэм. Ар лІыхъужьу къиІыпэтэн гукъыдэжкІэ къызэрытекІуэр нэрыльагъуу, блиным фІэлъ Іэщэм сабэ трихужьну, къызытехуькІаХэм ещхьу лІыхъужьу дунейм тетыним щІохьэпс.

Иджы Лермонтовыр къэдгъэгъани, хамэ щІыпІэм щыпсэу адыгэхэм я деж дывгъэІэпхъуэт. Сыт хуэдэ усэри нэм къыфІэзыгъанэр абы къыщыІэта гупсысэхэр уи щхьэм зэрупхыфырц. И Хэкум имысыж дэтхэнэ хэхэсми и гурыгъуэхэр къэзыІуатэ урыс усакІуэм ди лъэпкъэгъуэр Адэжь щІынальэм къызэрыхуеІэр дигу кьеГэжьІ. Псом хуэмыдэу ар щынэрылъагъущ усэм и кІэухым: «Мыбы сыкъыщыхъуами, сыщцыхамэщ», - жеІэ лирическэ лІыхъужьым, ауэ бзу зэрымыхъуфыным хуэдэу, ар къызыхІахэми ящыщ хъужьфынкъым.

Усэр ялІ дыдэ 1859 гъэм «Отечественные записки» журналым къытрадзауэ щытащ. Иджы ар адыгэ щэнхабзэми и зы Іыхьэщ.

ХЪУЭПСАПІЭ

Щхьэ сымыбзуэр сэ, щхьэ сымыгубгъуэ къуаргъэ,
Сарещхьу мо зблэпъэту екъэжахэм?
Щхьэ, хуитынигъэ закъуэм сыхуэпабгъэу,
Сымыпсоуфрэ, сыщцыхарэзу уафэм?

КъуэхэпІэмкІэ, къуэхэпІэмкІэ зисчарэт,
Адэжьхэм я губгъуэшхуэр щыгъэгъамкІэ,
Пшагъуэбэ Іуащхьэм къыхэпІн сэрей уардэр
Я хьэдэ лъапІэхэм кхъэпъахэ щахуэхъуамкІэ.

Нэхъыжь щІэину мэІур фІэлъщ блыныджабэм,
КъыфІонэ нэм маисэ ульыяри,
Си дамэхэмкІэ ахэм сецырхъамэ,
КъыщІэщцыжьнти сабэм исеяхэр.

Сеіуэсфамэ щотланд пшынэ Іэпэм,
Макъамэм зэрыльапсэу зэщІищтэнут,
ФІэІыуэхури зэхъуапсэри зы плъапІэу,
Макъыр зэрыбззхьжьыр зыхэсщІэнут.

Ауэ духьэхэри гуращхэри пщІэнІэщ,
Хэт пэлъэщар ухьгъэм и унафэм?
Аращи, си хэку Іуащхьэкэмрэ сэрэ
Хы сыджэщ щытыкІуэ къэзыІутэ.

Хахуэу зэуахэм къащІэна къуэ закъуэр
Хы адрыщІ хэгъэгу щІыІэм сыщцопсэу,
Мыбы сыкъыщыхъуами, сыщцыхамэщ...
Щхьэ, мыгъуэ, сымыгубгъуэ къуаргъэр сэ?

Тхыгъэр зейри усэр зззыдзэкІари **ЧЭРИМ Марианнэ.**

Спортсмен 600-м нэблагъэм зыщагъасэ

Мы махуэхэм Налшык къалэм щызэхуэсащ къэралым и щІынальэхэм я дзюдоистхэр. Ахэр ди деж къыщІэкІуам и щхьэусыгъуэм, я мурадхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми тедгъэпсэльыхьыну иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ УФ-м щІыхь зиІэ и тренер Емкъуэ Мухьэмэд.

- Ди къалащхьэм щекІуэкІ зыгъэсэныгъэ-егъэджэныгъэхэм сыт я къалэн нэхъыщхьэр, Мухьэмэд?

- Мыпхуэдэ зэхуэсыр етІуанэу Налшык щыдогъэкІуэкІ икІи абы и къалэн нэхъыщхьэу щытыр Урысей Федерацэм дзюдомкІэ балигъхэм, щхьэхуэхри цІыхубзхэри хэту, я чемпионатым, мы гъэм жэпуэгъуэм Сочэ къалэм щызэхашэнум, зыхуэдгъэхьэзырырыпц. Абы нэмыщІ, а мазэ дыдэм Грозно къалэм дзюдоистхэр щызэпеуэнущ КИФБЩІ-м пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтІа зэхьэзэхуэм.

Пэжыр жьІпэмэ, димыгугъуэу цІыху куэд къэкІуащ ди деж. Мэзкуу, Санкт-Петербург, Калининград, Челябинск къалэхэм, Кавказ Ищхьэрэм и щІынальэхэм ящыщу зыри къэмынэу. КІэщІу жьІпэмэ, къэралыгъуэ и щІыпІэ псоми къыкІахэщ - псори зэхэту спортсмен 600-м ноблагъэ. Ахэр куэд зэрыхъум къыхэкІыу, сменитІ тщІауэ дадолажьэ.

- Апхуэдизэ цІыхур я псэупІэкІэ, ерыскъыкІэ, нэгъуэщІхэмкІэ къызэбгъэпэщыну зэрымытыныр гурыІуэгъуэщ. Дауэ фІекъулІэрэ абыхэм?

- Ди гуапэ зэрыхъущи, КЪБР-м СпортымкІэ и министерствэм сыт и лъэныкъуэкІи зыкъытщІигъэкъуащ: Спортым хуэгъэхъэзырырынымкІэ центрым и хьэщІэщым ахэр щІэдгъэтІысхьащ икІи зыхуэй-зыхуэфІэхмкІэ нэсу кьыззгъэпэща хъуащ, хьэщІэхэр псомкІи арэзыщ. Зы махуэ, псалъэм папщІэ, зыгъэпсэхугъуэ абыхэм яттри, тренерхэр Іуащхьэмахуэ лъапэ дэтщащ, я нэгу зедгъэжьащ.

- ХьэщІэхэр мазэкІэ ди деж щыІэнущ. Дауи, ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ дахэхэр евмыгъэлъагъуу, спорт залым щІэубыдауэ ахэр пІыгъыну къезэгъыщу къыщІэкІынкъым. Абыхэм я нэхъыбэр ди деж япэу къэкІуауэ арагъэнщ.

- Пэжщ, тренировкэ закъуэкІэ Іуэхур зэфІэкІынкъым. Абыхэм зыщагъэпсэхун махуэхэри къыкхуэнущ. ИджыпстукІэ язныкъуэхэр щІоупщІэ Шэджэм псыкъелъэхэм кІуа зэрыхъунум, Гъэл щхьуантІэкэр, Іуащхьэмахуэ лъапэр зэзыгъэгъэлъэну хуейхэри мащІэкъым. ЗэпІпэм, ядгъэлъагъуэ щІыпІэ дахэ куэд гъунэжу диІэщи, зэрыжаІэу, псоми гу щедгъэхуэнщ.

- Мухьэмэд, зыгъэсэныгъэхэмкІэ къэдгъэзэжынщи, хэт сымэ спортсменхэм ядэлажьэр?

- Иджыпсту ди деж щыІэщ пщІэ зиІэ, дунейпсо, Европэ утыкушхуэхэм мызэмыІТу щытекІуа, УФ-м и чемпион, призёр хьуа, УФ-м дунейпсо классымкІэ спортым и мастер щІэхэр зезыхьэхэр. Тренерхэу Кабанов Дмитрий, Байчоров Пилял, Хоментовский Никитэ сымэ. Абыхэм нэмыщІ спортсменхэм ядолажьэ Хьэбэчыр Муратрэ Щад Муратрэ.

- Мастер-классхэр ятыну, я ІэзагъымкІэ, дзюдом и щхьэхэмкІэ щІалэгъуэлъэм ядагъэшэну хэт сымэ къыфхуеблэнэрр мы зэхуэсым?

- Псалъэм папщІэ, Тау Хьэсэнбий, Анаев Асльэн, Мудрэн Бесльэн сымэ, нэгъуэщІхэри махуэ хэхакІэ къахьихьэнущ.

- Мухьэмэд, иджыпсту къэралым къэрашІыпІа дзюдоуэныгъэхэм къыхэкІыу спортсменхэми зэхьэзэхуэм хэтыну къызэрыпаубыдым ыльэкІэ, спортым зыхуагъэсэну хуэмейуэ е хэкІыжьын Іуэху зэрахъуэу гу ялъытэрэ нобэрей щІалэгъуалэм?

- Апхуэдэ гупсысэ яІэу сэ сщІэркъым. Нобэ дунейр зыгуэр хъуа щхьэкІэ, абы къикІыркъым гъащІэр абдежым къыщцывыІауэ. Псалъэм папщІэ, хамэ къэралхэм щрагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм зыкІи къыкІэрымыхуу БРИКС-м и джэгуэр мы гъэм зэхашащ, Екатеринбургь, нэгъуэщІ къалэхэми абы хуэдэкэри щыІэнущ.

Хамэ къэралхэми пІэщІэ дахуэхъуауи пхужьІэнукъым. Ди деж яфІэфІу къокІуэ Китайм, Узбекистаным, Къэзахъстаным, Ираным, Бразилием, Азербайджаным, Монголием, нэгъуэщІхэми я спортсменхэр.

Пэжыр жьІпэмэ, икІэ махуэм нэсыху дыгугъащ иджы екІуэкІа Олимп джэгуэхэм дыкІуэну. ЩІалэ хъэрэшэхэри диІэт, медаль къызэрахьыными шэч кьытетхьэртэкъым, ауэ сыт ди Іэмалт...

- Мис иджы, псалъэм папщІэ, ДзюдомкІэ федерацэм унафэ къыщтащ командэр Олимп джэгуэхэм хэмытыну, ауэ абы емыдалуэу зыгуэр къыхэкІра - сыти ыкъэсфщІэ, си закъуэ сыкІуэнущ, жиІэмэ-щэ?

- Ар зыми кьыгурыІуэнукъым. Дэ дыщцІисэу къэралым къытхуищІ ди унафэщ, абы уебэкъуэнри кьемызэгъащ. Ауэ, мыдрейуэ, Олимп джэгуэхэм ухэмытауэ, ар уи нэгу щІэмыкІауэ, ар зищІысыр зэи кьыбгурыІуэнукъым. Дэтхэнэ зы спортсменым и дежкІи гуауэщ, зэрысабий гъандэрэ и къаруи, и зэманми емыблэжу абы зыхуигъэхъэзырауэ, иужькІэ ар къыщцІапуэбыдыжьым дыеж.

ИпэкІэ зэрыщыжьсІащи, Олимп джэгуэхэм нэмыщІ, нэгъуэщІ зэхьэзэхуэшхуэхэри щыІэщ, дунейпсо, Европэ чемпионатэри хэтыжу. Ахэр илъэс къэс ирагъэкІуэкІ. БРИКС-м и джэгуэхэми спорт гъащІэм хуэфащэ уяІпІэ щагъэтыну си гугъэщ. Мыдрейуэ, дунейри апхуэдэу екІуэкІынкъым икІи спортыр политикэм езыпхахэр текІуэтынщи, а Іуэхум акъыІ хэлъу бгъэдыхьэн цІыху губзыгъэхэр утыку къихьэжынщ.

- Уэ уи щхьэкІэ, укІуэн-умыкІуэным текІуауэ, сытыт япэ ещІыну?

- Къэралым зэрыжиІам хуэдэу сщІынут. Сыт щхьэкІэ жьІпэмэ, гупым укъыхэжу укІуэкІэ, пщІэн щІыхь къыпхуэхьынукъым. ЩыІэщ, нэгъуэщІ къэралхэм зыщцэзыгъэтахэр, абыхэм я щІыхьыр зыхъумэхэр. Ари хэкІыпІэщ икІи хъарзынэщ, ауэ зыщцыбгъаеэ спортымкІэ япэетІуанэ ямыІэжэр къэралым щыпІагъуу, уэрамыгъэтыпщынкІэ гурыІуэгъуэщ.

- Мухьэмэд, уи пхъурылъху Елдар цІыкІу теухуауэ сыноупщІынут: сэ зэрысщІэкмкІэ, абы картингым зыхуегъаса, дауэ екъуІэрэ?

- Сэ зэ ІуплъэгъуэкІэ къысхуэщІэнущ сабийр спортым хэзэгъэнрэ хамыззгъэнрэ. Урысей Ипщэмрэ ИКЪЩІ-мрэ я зэхьэзэхуэу Таганрог къалэм иджыблагъэ щекІуэкІам щытекІуэщ Елдар. ИужькІэ, дзюдом дезгъэхьэхын мурадкІэ, ар абы къыхэсщащ икІи и ныбжь ельытауэ зыхэта зэхьэзэхуитІми япэ щыхъуащ. Иджыпсту ар нэхъ къыхих хуэдэу къысщыхуащ, сэри нэхъ къэщтэнут. Картингыр сфІэшынагъуэщ, хъурэ хъуми.

- ЩІалэм и ныбжьыр дапхуэдизэ хъурэ?

- ЕтІуанэ классым кІуащ, илъэсий мэхъу.

- И насып Тхьэм фигъэлъагъу! Мухьэмэд, гу нэхъ зыльытапхъэу иужьрей зэманым дзюдомкІэ евгъэкІуэкІа зэІуІэзэмэ и гугъу уэзгъэщІынут.

- Нобэ Налшык щызэхэтха сборхэм япэ кьыхэу ди деж щекІуэкІащ спортсмен щІэрыІуэ Къамбий Асльэн и фэеплъу щыта урысейпсо зэхьэзэхуэр. Абы папщІэ фІыщІэ лей яхуэсщІынут ар къызэзыгъэпэщащэм, къыддэІэпыкъуагъэм. ФІы дыдэу екІуэкІащ, къырихьэлІахэм яфІэхьэлэмэгъэ. ЗэІущІэм зыкъраГъэхьэлІащ Олимп джэгуэхэм я чемпионхэу Халмурзаев Хьэсэн, Галстян Арсен, Мудрэн Бесльэн сымэ, къаралым дзюдомкІэ и командэ хъэхэам и тренер нэхъыщхьэ Тау Хьэсэнбий яхэту.

Апхуэдэу фІыщІэ яхуэсщІынут Олимп джэгуэхэм я чемпионхэу Къардэн Муратрэ Хъущт Асльэнбэчэрэ, Олимп джэгуэхэм дзюжьын медаль къыщыхьхьа Джэду Іэниуар сымэ, Къамбий Асльэн и фэеплъ турнирыр егъэкІуэкІынымрэ зэрыхъэлІыбхьахэм папщІэ.

- А зэхьэзэхуэр япэу зэхэфшауэ аращ мы гъэм. Ар илъэс къэс евгъэкІуэкІынымрад щыІэ?

- Апхуэдэ гугъэхэр диІэщ. УФ-м ДзюдомкІэ и федерацэм зыхуэдгъэззэнурэ илъэсым ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм екъэлІауэ зэхэгъэува планым ар хедгъэгъэхьэнущ икІи къызэрыхах зэІущІэу щытынущ.

Епсэльар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег щ.**

МыІэрысэ пасэр къыпачыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм къызэритамкІэ, республикэм и жыг хадэхэм гъэмахуэ мыІэрысэмрэ къхъжьыным рэ еужьэрэкІыу къыщыпачыж.

ПХЪЭЩХЬЭМЫЩХЬЭР куэдрэ щыбгъэлъ зэрымыхъунум къыхэкІыу ар занщІэу сату щІапІэхэм ирагъашэ. Мыдрейуэ, фокІадэм и кІэхэм ирихьэлІэу щІымахуэм щылъ мыІэрысэмрэ къхъжьымрэ къыпачыжьым щІадзэнущ.

Къыхуэгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракІуэ лІэужьыгъуэхэмрэ зэхэту кърахьэлІэжьым и нэхъыбэр мыІэрысэрщ. Къэбгъэльагъуэмэ, абы гектар мин 23-м щІигъу республикэм щыхуэхах. Псори зэхэту нэгъабэ пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 737-рэ кърахьэлІэжащ, ику ату зы гектарым центнер 386,3-рэ хуэзэу.

БАТОКЪУЭ Албэч.

НыбжьыщІэхэр ягъэгушхуэ

Щыщхьэуіум и 10-м Урысей Федерацэм щагъэлъэпІащ Физкультурникым и махуэр. Абы хуэгъэпса «Зарядка со стражем порядка» урысейпсо акцэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейскэри жыджэру хэтащ, спорт Іуэхуэхэр ныбжьыщІэ цІыкІуэхэм драгъэкуэкІащ.

УРЫСЕЙ МВД-м и Прохладнэ къудамэм и лэжьакІуэхэм, абы пыщІа Жылагъуэ советым и унафэщІ Илкий Андрей щыгъуэу, Прохладнэ къалэм дэт «Розовый Фламинго» санаторэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ сабий лагерым щыІэхэм я Іэпкъгъэпсыгъэ щагъэуІуэгъуэ.

Абы хэтащ кикуэшинкай каратэмкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекІуэхэмрэ призерхэмрэ.

ХьэщІэхэм сабийхэм ирагъэлъэгъуащ зыхъумэжьныгъэ Іэмалхэр. КъыззхуэсакІэр яфІэгъэщІагъэуэну а псоми кІэлъыплъащ.

Зэхуэзэм пащэу полицэм и лэжьакІуэхэм ныбжьыщІэхэм драгъэкІуэкІащ хъэ мыхъумыщІэхэм зыщадзеиным, къытщІэхьуэ щІэблэр гъэсэным теухуа псалъэмакъ щхьэпэ.

- Узыншагъэ, ехьулІэныгъэ фиІэну, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ дахэ, гукъыдэж фи куэдыну си гуапэщ. Дзэмэхэрэ къэзытыр щІэблэ узыншэ къызэрытщІэхъуэр, - къыхигъэщащ Клюй Андрей.

ЗэІущІэм и кІэухыу сабийхэм къызэгъэпэщащ ІэшІагъэ хуащІащ къыдрагъэкІуэкІа спорт Іуэхум папщІэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Ди псэлъэгъуэр

гъэнур мы зэхуэсым?

- Псалъэм папщІэ, Тау Хьэсэнбий, Анаев Асльэн, Мудрэн Бесльэн сымэ, нэгъуэщІхэри махуэ хэхакІэ къахьихьэнущ.

- Мухьэмэд, иджыпсту къэралым къэрашІыпІа дзюдоуэныгъэхэм къыхэкІыу спортсменхэми зэхьэзэхуэм хэтыну къызэрыпаубыдым ыльэкІэ, спортым зыхуагъэсэну хуэмейуэ е хэкІыжьын Іуэху зэрахъуэу гу ялъытэрэ нобэрей щІалэгъуалэм?

- Апхуэдэ гупсысэ яІэу сэ сщІэркъым. Нобэ дунейр зыгуэр хъуа щхьэкІэ, абы къикІыркъым гъащІэр абдежым къыщцывыІауэ. Псалъэм папщІэ, хамэ къэралхэм щрагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм зыкІи къыкІэрымыхуу БРИКС-м и джэгуэр мы гъэм зэхашащ, Екатеринбургь, нэгъуэщІ къалэхэми абы хуэдэкэри щыІэнущ.

Хамэ къэралхэми пІэщІэ дахуэхъуауи пхужьІэнукъым. Ди деж яфІэфІу къокІуэ Китайм, Узбекистаным, Къэзахъстаным, Ираным, Бразилием, Азербайджаным, Монголием, нэгъуэщІхэми я спортсменхэр.

Пэжыр жьІпэмэ, икІэ махуэм нэсыху дыгугъащ иджы екІуэкІа Олимп джэгуэхэм дыкІуэну. ЩІалэ хъэрэшэхэри диІэт, медаль къызэрахьыными шэч кьытетхьэртэкъым, ауэ сыт ди Іэмалт...

- Мис иджы, псалъэм папщІэ, ДзюдомкІэ федерацэм унафэ къыщтащ командэр Олимп джэгуэхэм хэмытыну, ауэ абы емыдалуэу зыгуэр къыхэкІра - сыти ыкъэсфщІэ, си закъуэ сыкІуэнущ, жиІэмэ-щэ?

- Ар зыми кьыгурыІуэнукъым. Дэ дыщцІисэу къэралым къытхуищІ ди унафэщ, абы уебэкъуэнри кьемызэгъащ. Ауэ, мыдрейуэ, Олимп джэгуэхэм ухэмытауэ, ар уи нэгу щІэмыкІауэ, ар зищІысыр зэи кьыбгурыІуэнукъым. Дэтхэнэ зы спортсменым и дежкІи гуауэщ, зэрысабий гъандэрэ и къаруи, и зэманми емыблэжу абы зыхуигъэхьэзырауэ, иужькІэ ар къыщцІапуэбыдыжьым дыеж.

ИпэкІэ зэрыщыжьсІащи, Олимп джэгуэхэм нэмыщІ, нэгъуэщІ зэхьэзэхуэшхуэхэри щыІэщ, дунейпсо, Европэ чемпионатэри хэтыжу. Ахэр илъэс къэс ирагъэкІуэкІ. БРИКС-м и джэгуэхэми спорт гъащІэм хуэфащэ уяІпІэ щагъэтыну си гугъэщ. Мыдрейуэ, дунейри апхуэдэу екІуэкІынкъым икІи спортыр политикэм езыпхахэр текІуэтынщи, а Іуэхум акъыІ хэлъу бгъэдыхьэн цІыху губзыгъэхэр утыку къихьэжынщ.

- Уэ уи щхьэкІэ, укІуэн-умыкІуэным текІуауэ, сытыт япэ ещІыну?

- Къэралым зэрыжиІам хуэдэу сщІынут. Сыт щхьэкІэ жьІпэмэ, гупым укъыхэжу укІуэкІэ, пщІэн щІыхь къыпхуэхьынукъым. ЩыІэщ, нэгъуэщІ къэралхэм зыщцэзыгъэтахэр, абыхэм я щІыхьыр зыхъумэхэр. Ари хэкІыпІэщ икІи хъарзынэщ, ауэ зыщцыбгъаеэ спортымкІэ япэетІуанэ ямыІэжэр къэралым щыпІагъуу, уэрамыгъэтыпщынкІэ гурыІуэгъуэщ.

- Мухьэмэд, уи пхъурылъху Елдар цІыкІу теухуауэ сыноупщІынут: сэ зэрысщІэкмкІэ, абы картингым зыхуегъаса, дауэ екъуІэрэ?

- Сэ зэ ІуплъэгъуэкІэ къысхуэщІэнущ сабийр спортым хэзэгъэнрэ хамыззгъэнрэ. Урысей Ипщэмрэ ИКЪЩІ-мрэ я зэхьэзэхуэу Таганрог къалэм иджыблагъэ щекІуэкІам щытекІуэщ Елдар. ИужькІэ, дзюдом дезгъэхьэхын мурадкІэ, ар абы къыхэсщащ икІи и ныбжь ельытауэ зыхэта зэхьэзэхуитІми япэ щыхъуащ. Иджыпсту ар нэхъ къыхих хуэдэу къысщыхуащ, сэри нэхъ къэщтэнут. Картингыр сфІэшынагъуэщ, хъурэ хъуми.

- ЩІалэм и ныбжьыр дапхуэдизэ хъурэ?

- ЕтІуанэ классым кІуащ, илъэсий мэхъу.

- И насып Тхьэм фигъэлъагъу! Мухьэмэд, гу нэхъ зыльытапхъэу иужьрей зэманым дзюдомкІэ евгъэкІуэкІа зэІуІэзэмэ и гугъу уэзгъэщІынут.

- Нобэ Налшык щызэхэтха сборхэм япэ кьыхэу ди деж щекІуэкІащ спортсмен щІэрыІуэ Къамбий Асльэн и фэеплъу щыта урысейпсо зэхьэзэхуэр. Абы папщІэ фІыщІэ лей яхуэсщІынут ар къызэзыгъэпэщащэм, къыддэІэпыкъуагъэм. ФІы дыдэу екІуэкІащ, къырихьэлІахэм яфІэхьэлэмэгъэ. ЗэІущІэм зыкъраГъэхьэлІащ Олимп джэгуэхэм я чемпионхэу Халмурзаев Хьэсэн, Галстян Арсен, Мудрэн Бесльэн сымэ, къаралым дзюдомкІэ и командэ хъэхэам и тренер нэхъыщхьэ Тау Хьэсэнбий яхэту.

Апхуэдэу фІыщІэ яхуэсщІынут Олимп джэгуэхэм я чемпионхэу Къардэн Муратрэ Хъущт Асльэнбэчэрэ, Олимп джэгуэхэм дзюжьын медаль къыщыхьхьа Джэду Іэниуар сымэ, Къамбий Асльэн и фэеплъ турнирыр егъэкІуэкІынымрэ зэрыхъэлІыбхьахэм папщІэ.

- А зэхьэзэхуэр япэу зэхэфшауэ аращ мы гъэм. Ар илъэс къэс евгъэкІуэкІынымрад щыІэ?

- Апхуэдэ гугъэхэр диІэщ. УФ-м ДзюдомкІэ и федерацэм зыхуэдгъэззэнурэ илъэсым ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм екъэлІауэ зэхэгъэува планым ар хедгъэгъэхьэнущ икІи къызэрыхах зэІущІэу щытынущ.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жантинэщ.**

● МВД-м къет

Сом мин 750-рэ хэщІыныгъэ

Урысей МВД-м и Лэскэн къудамэм и Следственнэ Іэнатіэм и кІэм нигъэсащ илъэс 42-рэ зи ныбжь наркъалэдэсым екъэлІауэ къаІэта уголовнэ Іуэхур, жыг лъапІэ зэрыриупщІыкІамкІэ зэрагъэкъуанщэр.

СЛЕДСТВИЕМ зэриубзыхьамкІэ, 2024 гъэм и гъатхэпэм Аргудан къуажэм пагъунэгъу мэзыльэм къуэкІыпІэ жыгей щриупщІыкІри, Іыхьэ зыбжанэу зэпихащ. Ахэр и хьэлъэзешэ машинэм щрилъхьэм бзаджащІэр яубыдащ Урысей МВД-м и Лэскэн къудамэм полицэм и участковэхэмрэ Урысей ФСБ-м и республикэ управленэм и лэжьакІуэхэмрэ.

Экспертизэм къызэриГъэгъуэмкІэ, абы къэралым иритащ том 750000-рэ хэщІыныгъэ.

КъаІэта уголовнэ Іэхэумрэ ар зэрагъэкъуанщэмрэ Аруан район судым Іэрагъэхьащ. Езым щІыпІэр имыбгынэну, хабзэм емыбэкъуэну хуагъэзыщ.

Гъэпщ Іакі Іуэхэм защыфхъумэ

Илъэс 25-рэ си ныбжь къалэдэсым Урысей МВД-м и Налшык управленэм 2024 гъэм щыщхьэуІуи и 6-м зыхуигъэзащ. Пащащэм зэрыжиІамкІэ, абы къыІэрыхьащ и ныбжьэгъу хуэзыбгъэдэкІ тхыгъэ, сом мин 41-рэ щІыхуэу иритыну къелъэІу хуэдэу. Ар хуигъэзащІэу, ахъшэр счёт зэхуэмыдэу тІуи игъакІуэри, итІанэщ щепсэлъар икІи къыщІащ и аккаунтыр зэракъутар икІи абы и ныбжьэгъум зыри кьызэрыхуимыгъэхьар.

А МАХУЭ дыдэм полицэм зыкъыхуигъэзащ илъэс 37-рэ си ныбжь налшыдэсым, ар мащІыкІуэм къытригъэхьэри, криптовалютэкІэ сату и щІын папщІэ аккаунт зыІэригъэхьэну тегушхуауэ. Абы сом мин 15 хуиутІыпщри, имыщІыкІуэ зигъэпщкІужащ.

ТІуми теухуа уголовнэ Іэхэумрэ къаІэтащ.

Полицэм фигу къегъэкІыж:

ФемыпІащІэкІ ахъшэр фи ныбжьэгъухэмрэ цІыхугъэхэмрэ яхуевгъэхьэну, ипэжыпІэкІэ дзІэпыкъунигъэ хуейуэ зыкъыфхуэзыгъэзэр ахэрамэ къэвмыщІауэ. Апхуэдэ смс-хьэбар къыфхуэІуамэ, фэ ещІ фыпсалъэ къыфхуэзыгъэхьам и дежи, Іуэхур зытетыр къафщІэ.

ИнтернеткІэ фымыщІыхум зыщцыпыфщІэкІэ икІи хьэпшыпхэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я пщІэр щефткІэ, фи ахъшэр кІуэдынкІэ икІи фызыхуейр къыфІэрымыхьэнкІэ хъунущ.

ЩІэп игъэкІырт

Урысей МВД-м КЪБР-м и Шэрэдж районым щиІэ къудамэм наркотикхэр зэрыззрагъэкІуэкІым кІэлъыплъынымкІэ и гупым и лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ щыІэм щыпсэур наркотик зыхэлъ къэкІыгъэхэр хабзэншагъэкІэ гъэкІыным пыщІауэ зыхуащІыр. Абы и лъапсэр къыщащым, полицейхэм пщІантІэм иІэ хуабэщым бэдрэжан хьэсэхэм адэкІэ къыщцхутащ щІэп чыцэ 56-рэ.

ЦІЫХУХЪУМ зэрыжиІамкІэ, наркотикхэкІ зыхэлъ, езыр-езыру къэкІхэр абы щыізхуихьэсащ и гъунэгъу районым и губгъуэм. АдэкІэ гъатхэм ах